*Chizaruro Cha*Jesu *K*ristu

Mazvita henyu, zvikuru kwazvo, Hama Neville.

Garai zvenyu pasi.

2 Ndinotenda kuti zvakataurwa pane imwe nguva, kuti, "Ndakafara pavakati kwandiri, 'Handei muimba yaJehovha.'"

3 Zvino, tine urombo kuti hatina nzvimbo, ndingati nzvimbo yekugara, yavose varipano, uye dzimwenguva vachawanda mukufamba kwesvondo riri kuuya, zvevanhu vari kuuya, vachinzwa nezvemusangano.

4 Asi chikonzero chenguva ino yakatsaurwa chaive chokuti isu ti. . . Pamwoyo pangu Mweya Mutsvene wanga waisa iyi yambiro yapikisa mwoyo wangu, kuti, "Kereke muzuva ranhasi inofanirwa kuve neMharidzo iyi." Nokuti, ndinotenda kuti ndidzo Mharidzo dzakanyanya kubudikira pachena muBhaibheri, nokuti zvinozarura Kristu ari muKereke Yake panguva ino.

5 Zvino, hapana anogona kuve nekutenda kana kuziva zvaari kuita, kana kwaari kuenda, kusara kwekunge vaine, chimwe chinhu chekuti chive hwaro hwepfungwa dzavo nekutenda kwavo. Naizvozvo, kana Rugwaro rwazarura Kristu kwatiri mumazuva ano ekupedzisira, uye nechimiro chenguva, zvingatiitire zvakanaka kuti—kuti tiRinzvere tinzwisise kuti tave papi.

6 Zvino, tine—tine urombo kuti chechi yedu haisi hombe kudarika apa, rimwe zuva tinotarisira kuti tichave nayo.

7 Uye mazuva mana apfuura aya, zvikuru sei, ndichinzvera kuitira izvi ndakanangana nedivi renhoroondo ye—ye Bhuku yeZvakazarurwa, ndakasangana nezvinhu zvandisina kumbenge ndakafunga kuti zvakambofa zvakaitika. Uye zvakatozondisvitsa paka—pakamunzwiro kekuti, shure kweaya *Mazera Manomwe eKereke*, ndapedza izvozvo, ndingada kuita dzimwe mharidzo dzakadai dzakatevedzana dzekuvhundunyura "iyo—iyo Kereke yechokwadi nekereke yenhema," pamwe chete, uye kungofamba nenhoroondo uye neRugwaro. Sepane imwe nguva ndakashingaira, mumharidzo, kuti nditore "Muzambiringa wechokwadi nemuzambiringa wenhema," zvinowanika muBhaibheri. Uye tiri . . .

8 Tichaedza kuti tiwane zvigaro, apo ndiri kufunga nezvevanhu vari kuedza kuve vakagara pasi. Uye tichawana, tichaedza kuwana, zvimwe zvigaro, tiedze kuzadza dzimba dziri seri kuno, uye kunze, uye mamwe apoteredze, kuti tikwanise kuti vamwe vanhu vashoma vange vakagarazve pasi munguva dzeshumiro.

9 Zvino, pane izvi, ndingakumbira mumwe nemumwe wenyu vakanyatsobatikana pamusoro pezvinhu izvi, munga—mungauya nguva yegayega yatichange ti—tichitsanangura Izvi. Uye handingazvitorere kuita, kana kuti kuzvifunga ini pachangu . . . [Pane chinzvimbo chisina mazwi patepi—Mupepeti.] . . . kuzvitorera ku . . . [Pane chinzvimbo chisina mazwi patepi.] . . . iri Bhuku guru reZvakazarurwa zve . . . [Pane chinzvimbo chisina mazwi patepi.] . . . Mazera Manomwe eKereke. Asi ndiri kuzembera zvachose pana Mwari, kuti—kuti azvizarure kwandiri ipo pandinenge ndangosvika pazviri.

10 Nhoroondo yepanyama, iyo iri ye . . . yakatorwa kubva kuvanyori venhoroondo vane mukurumbira wepamusoro-soro vandinoziva nezvavo. Mumba mangu mekuverengera ndine, ikozvino chaiye, makomendari anenge mashanu kana matanhatu, *Two Babylons* yaHislop, *Foxe's Book Of The Martyrs*, uye mamwe mabhuku makuru; sePre-Nicene Council, mabhuku anenge mana aizvozvo, rimwe nerimwe rawo riine mapeji anenge mazana mana. Uyezve ipapo Nicene Council, uye nenhoroondo yese yatinokwanisa. Nokuti, seri kwaizvozvi, kubva patepi inoshandisa simba remagineti, tichanyora komendari yeMazera Manomwe eKereke, yekutumira kunyika yose, yatinokwanisa, nokuti tava mumazuva ekupedzisira. Tave pakuguma kwenguva.

11 Hazvina kunge zvajekera mwoyo wangu zvakanyanya kusvikira pa—pasarudzo dzakapfuura idzi, uye ipapo ndakaona kuti tave papi. Ipapo Mweya Mutsvene wakatanga kundizarurira, kuti—kuti ndiyambire vanhu, uye nekugadza izvi munzvimbo. Uye ini handikwanise kuti ndizviite mu—muchechi sazvino izvi, zvikaringana. Uyezve ini dai kuri kuti ndangogara pasi ndongonyora bhuku . . . Ndinonzwa kuti ndikaenda ini papurupiti, uye kufemerwa kweMweya Mutsvene pakati pemaKristu kukauya pamusoro pangu, kundibatsira, ipapo ini ndinenge ndave kunyatsokwanisa kunyora bhuku ipapo, mushure mekunge ini ndaitora kubva patepi, nokuti imomo tinowana kufemerwa kwaro. Mabhuku acho, honguka, anoti gadziriswei zvishoma, nokuti, tiri muno, tinoisa zvinhu zvatisingagone kuzoisa mubhuku. Uye ipapo isu . . . Uye isu tinotora nguva yakarebesa pakuzvidzokorora, kana ndoti ini ndinodaro. Uye ipapo, mubhuku, zvese zvinogadziriswa. Asi tichaedza kuti tizviwane zvose, zvese zvatinokwanisa, pamatepi.

12 Zvino, matepi, manheru ega-ega, zvinyorwa nezvakadaro, vakomana vachange vanazvo wangobuda panze apo.

13 Zvino, ini ndinogona kusazokwanisa manheru ega-ega, tichipa mbiri kuna Mwari apo tazvitorera mutoro wekuedza, kuti—kuti tiunze idzi Mharidzo nomwe dzekereke, kana kuti Mazera Manomwe eKereke, mumanheru manomwe; tichitora manheru ezuva rimwechete, zera rimwechete. Sekuti, Muvhuro manheru, Efeso; Chipiri manheru, Smirna; Chitatu manheru,

Pergamo; China manheru, Tiatira; Chishanu manheru, Sadhisi; uye Mugovera manheru, Firadherfia; uye Svondo mangwanani neSvondo manheru, iyo Raodhikia, zera rekereke ratiri kugara mariri. Tichipa nhoroondo yekereke yekumavambo, uye—uye vanyori nevanyori venhoroondo, uye vatumwa vezera iroro, uye—uye mharidzo dzacho, uye mafambiro akaita kereke, sekuburuka kwayakaita ichipfuura kusvika panguva ino.

14 Uye zvinoshamisa kuona kuti zvakafanotaurwa neRugwaro urwu zvinonyatsorova zvisingapotsi pane zvakaitika munhoroondo, chaizvo nemazvo, kusvika papfungwa yese yazvo. Zvakatondishamisawo ini zvakanyanya, kusvikira, nezuro, Ini ndanga ndaverenga kudzamara ndavakunzwa sekunge maziso angu anga ava kuzvimba. Uye Ini ndakabuda ndokubva ndati kumudzimai, "Handisati ndakatomborota kuti zvinhu izvi zvakaita sezvizvi." Maona? Makuriro azvanga zvakaita!

15 Uye zvino, dzimwe nguva, Ini ndingangotadza kuzvipinza zvese muhusiku humwe chete, iyo kereke, iyo mharidzo kukereke. Uye kana ndikatadza kuzvipedza zvese, pamanheru, zvino mangwanani anotevera nenguva dzateni kiroko. Zvichaziviswa manheru ega-ega, kune avo vanoda kuuya kuzonzwa zvimwe zvacho zvese, nokuti tichazama, kuedza, kuti tizviise patepi. Naizvozvo ndichaita masevhisi ini kubva nenguva dzateni kiroko, mangwanani, kusvikira natwerufu, munguva dzemasikati, kuedza kuti tizviburitse, izvo zvimwe zvemharidzo yacho zvese, nokuti vanogona kuzvibata patepi. Kwete . . .

16 Takaisa chiziviso chokuti panenge pasina shumiro dzekunamatira vanorwara, nokuti tiri kuda kuramba tingori pasi pekutaura kwechiporofita cheBhaibheri. Zvino, takave neshumiro yekunamatira varwere pano nguva ichangopfuura iyi. Zvino mushure mekunge shumiro idzi dzangopera, zvino tichaitazve shumiro dzekunamatira varwere dzidzokezve panzvimbo.

17 Asi parizvino ndi—ndinoda kunyatsojekesa izvi, kuti munhu wese akwanise kuzvirangarira, kuti parizvino, muzvinhu izvi, zvinogona kucheka nekutatamura, nekutipa tose kuzunzwa kukuru. Asi Ini ndine mutoro, kwete we—wezvimwe zvinhu asi kuparidza iro Shoko. Izvozvo, ndizvo chete. Kungoti . . . asi, kungobatirira ipo paShoko. Uye kakawanda zvinogona, imo mumazera ekereke umu, zvingangoonesa sangano remumwe munhu. Uye kana zvikadaro, hachisi chinangwa chedu kuti tiratidze kukasharara. Ku—kungotaura chete izvo zvarehwa neRugwaro, uye nechizaruro chandiinacho Ini pamusoro paRo. Uye kana iwe uchifunga kuti zvangu Ini handizvo, rega hako kubva wakanganisika neni, chingondinamatira kuti Mwari vagondiratidza zvacho zvakarurama, nekuti chokwadiwo Ini ndinoda kuve wakarurama.

18 Uye zvino chimwe chinhu, ndichicherechedza mutoro wandiinawo Ini, mu—mumusangano wakaita seuno, kuti kudzidzisa vanhu, kuti Mweya Mutsvene uchanditi ndidavirire pamashoko ese andichataura ndiri papurupiti ino. Naizvozvo munoona udzamu hwekurevesa hwatinopinda nahwo muzvinhu izvi. Zvino, isu . . .

19 Ndingadai ndakaitira izvi kunze uko pamwewo panhu. Asi, zvairi nyaya yekudzidzisa, zvino isu mu . . . Kunze uko mumashumiro ekuvhangera, mumwe nemumwe wedu ane pfungwa kana—kana kunzvera, kana sezvazvanga zviri tichipfuura muzera, uye isu tine makereke edu, uye izvo zvatakadzidziswa nemakereke edu, uye izvo zvatinotenda. Isu . . . Ini handifarire kuenda mukereke yemumwe munhu, kana pakati pevanhu vakadaro, uye ndotaura chimwe chinhu chinopesana nezvakadzidziswa vanhu. Nokuti, zvapera zvese, Ini nepachena ndakaedza kuita kuti zvandinotaura kuti . . .

20 Kana munhu ari muKatorike, uye akazembera neKereke yeKatorike kuti awane ruponiso, akarasika. Kana ari weBaptisti, akazembera paKereke yeBaptisti, akarasika. Kana muPentecosti, akazembera paKereke yePentecosti kuti imuponese, akarasika. Asi, kereke ipi zvayo! Asi kana munhu dungamunhu mukuperera akazorora pakutenda mumabasa akapera kare aKristu paKarivhari, akaponeswa, Ini handina mhosva kuti ndewe kereke ipi. Nokuti, "Nokutenda makaponeswa, uye zviri zvenyasha."

21 Zvino, dzimwe nguva, mukuita izvi, zvino ndichafunga, mukamba kanguwo kadiki muno ako takatanga makore mazhinji apfuura, tichingove nechimurwi chezvidhinha zvikuru zvekongiri zvitsaru nezvakadaro, uye kave kuita sekanzvimbo kanoyera kwatiri. Zvinotinetsa, tinongonetseka kuona ichishandurwa, neimwe nzira, nokuti pano ndipo apo Mwari paakatangira kusangana nesu, apo takange tisati tambove kana neuriri mairi. Asi zva—zvasvika pokuti ikozvino yava kutosakara, uye tave mukuvaka—muchirongwa chekuvaka pano, kuti tizadze chinzvimbo ichi pano nechechi.

22 Zvino, kudzamara nguva iyoyo, Ini ndinonzwa kuti kana Ini ndadzoka kubva mumunda wokuvhangera, pandisingarwadzise hama uye, kana, mharidzo nezvakadaro, ipapo zvinondipa kodzero yekuburitsa pachena maonero anguwo, kubva—kubva pangu . . . kubva papurupiti ino. Uye saka kana uchiti, "Ini ndakadzidziswa zvakati siyanei." Ini ndinga . . . Uye zvino, mune izvi, tinongokoka aninani anoda kuuya. Maona? Hapana ari kupa mari yekuti zviitwe, kana chii zvacho. Ndezve tabhenakeri ino. Uye aninani anoda kuuya, unongogamuchirwa kuti uuye. Ingouya zvako. Saka Ini ndinokukoka kuti uuye neBhaibheri rako, pamusangano wese, uye uya nepenzura nepepa.

23 Uye zvino, nemakomendari ose nezvakadaro, Ini handaikwanisa kuuya nemabhuku iwayo ose. Saka Ini ndangonyora, kunyora pasi, nguva yegayega, papepa panoapa, tumanotsi kubva munhoroondo uye makomendari, nezvakadaro, kuti Ini ndigogona kungozviverenga kubva pa—pamanotsi pano, pane kunge ndiine bhuku racho uye uchivhuravhura mapeji. Zvisinei, kana zvasvika paGwaro, tichashandisa Bhaibheri. Uye zvino zviri mukomendari, Ini ndichatsanangura; kana nhoroondo yacho, ndiyani munyori wenhoroondo wacho akataura izvozvo, nezvakadaro. Zvino mu. . . Honguka, pachiitiko chebhuku riri kuuya iri, haiwa, ipapo tinokwanisa kutaipa zvese zvakanaka ipapo, uye tinokwanisa kuti zvese zviitwe zvakanaka.

24 Zvino, tichaita zvose zvatinogona kuti tikurumidze kutanga uye tigoedzawo kupedza nokukurumidza kwese kwatingakwanisa. Zvichaita mazuva masere, misangano, Svondo kusvika Svondo.

25 Mangwanani ano ndiri kutanga chitsauko chekutanga cheZvakazarurwa, cheBhuku yeZvakazarurwa. Uye Zvakazarurwa rakarongwa muzvikamu zvitatu. Uye zvitsauko zvitatu zvekutanga ndizvo zvatichange tichibata nazvo pamazuva ano aya masere. Apo, zera rimwe rekereke raigona kutitorera mwedzi mumwe. Asi isu tichangorova nhongon'ya dzacho chete, ndiwo madaniro atingazviite. Zvino pamunozowana bhuku racho, rinenge rakanyorwa, rakawedzerwa kunyatsodononongodza.

26 Zvino, Zvakazarurwa, zvitsauko zvitatu zvekutanga, zvinobata nezveKereke, ipapo Kereke yobva yanyangarika. Isu hatichaiona Iyo zvakare kusvikira nguva yekuguma. Kubva Zvakazarurwa 1 kusvika 3, iKereke; Zvakazarurwa 4 kusvika 19, iIsraeri, rudzi; uye 19 kusvika 22, izvose, zviri pamwe chete. Uye matenda neyambiro, uye nezvakadaro, pakuguma! Kurongwa muzvikamu zvitatu. Maona? Uye tiri kutora zvitsauko zvitatu zvekutanga, zvakanangana neKereke, uye zera rekereke ratigere mariri.

27 Zvino, pekutanga, zvinoita sekunge zvakangooma kuti papata nekuti tinofanira kudzoka shure toita nheyo. Ndakanamata uye ndikanzvera, uye ndakaita zvese zvandaikwanisa, kuedza ku—kuti ndiwane manzwiro eMweya Mutsvene, kuti ndozvigadza nenzira ipi izvi, kuti vanhu vagozviona, uye kuitira kuti, mukuzviona, mujekerwe uye zvikuitei kuti muuye padyo naKristu, nokuti tave panguva yekuguma.

28 Uye chinhu chinoshamisa kwazvo, mukunzvera kwandanga ndichiita nhoroondo, kuwana matangiro akaita kereke iyo, uye matsaukiro ayakazoita, uye nezvakaitika, uye kuona kaMbeu

kaMwari kachifamba kupfuura rimwe nerimwe remazera ayo; kupotsa, kadzima zvachose, pane imwe nguva.

29 Zvino, mangwana manheru, tichatanga, uye tichave ne—tichave ne—nechati pano; kwete chati, asi bhurekibhodhi, iro Ini ndinoda kuita sekudzidzisa izvi kubva pabhurekibhodhi. Ndinotenda mudzidzisi weSunday school, mumwe wavo, ane bhurekibhodhi. Ndiri kuriona uko kumashure. Ndichaita kuti janita vagoriunza, voriisa kuno kumberi, kuti Ini ndigodzidzisa kubva pabhurekibhodhi iroro, uye kuzvinyora monyatsoita chokwadi. Uye munokwanisa kuzvidhirowa papepa rako, uye nezvakadaro, uye tonyatsozvisvitsa padhuze sepatingakwanisa.

30 Asi Ini ndinoda kuti nditaure izvi tisati tatanga. Kuona kuvamba kwezera rekereke; uye kuona maitiro ayo vaapostori, dzidziso dzacho, uye zvinhu zvavaidzidzisa, uye zvitevedzwa zveBhaibheri. Uye ipapo kuona kereke iyoyo, munguva inenge yechikwata chepiri chevaapostori, matangiro ayakaita iyo kubhuruvara; iyo chaiyo, dzidziso yechokwadi. Chikwata chetatu, changa chotaramukira kure. Kuzosvika pachikwata chechina, zvanga zvabvuruvara kusvika mukungo—mukungodziya. Iyo kereke yakabereka kereke yaingodziya.

31 Uye ipapo Kereke yakazara neMweya! Izvo, ndinotaura izvi nekuremekedza kune humwari pamusoro pechinamato chemunhu umwe neumwe. Kubva pakutanga, kusvikira panguva ino, Kereke chaiyo, yechokwadi yanga iri Kereke yechipentecosti. Ichi ichokwadi. Mwari wakachengetedza Kereke iyi.

32 Uye ini kakawanda ndinoshama, paya Jesu paakataura chirevo, achiti, "Musatya, boka diki, chido chaBaba venyu kukupai Humambo." Ini kakawanda ndaishama kuti izvi zvairevei, asi Ini ndava kuzvinzwisisa ikozvino.

33 Svondo rapera takave nemusangano kuShreveport, Louisiana, musangano wemweya wakakurisisa wandati ndambopinda Ini, muupenyu hwangu. Shreveport!

34 Ini ndakange . . . Ini ndaiva ndiine mazuva mashoma ezororo, uye Ini ndakaenda ku Kentucky ndiine Hama Wood ava, mumwe wemadhikoni ekereke, kana kuti mutirastii, ndingati, kunovhima. Takaenda mumasango.

35 Ndakange ndapfura tsindi yekutanga. Uye ini ndikati, "Ndombomirira," nokuti pane akanga auya achipfuura ainembwa. Zvino ini ndikati, "Ndombomirira kudzamara idzo tsindi dzadzoka dzichibuda mudzimhango. Dzamhanya dzichikwira mumiti, mumhango, uye dzahwanda zvino." Ndikati, "Kana dzabuda . . . Ndichagara pano ndomirira." Nokuti, kuri kunyatsotonhora uye chando chakachena, uye nzeve dzaoma. Uye, munoziva, iyo—iyo mhepo inocheka ichipfuura nemumipata yakadzika. Ini ndakati, "Ndichangomirira kusvika tsindi dzadzoka dzabuda."

36 Ndichingonoti garei pasi, pakarepo Mweya Mutsvene wakabva wati, "Simuka, uye uende kunzvimbo yaunoti 'sportsman's hollow.' Ikoko Ini ndichataura newe."

37 Zvino ndakaenda kunzvimbo iyi yandakatumidza ini kuti "sportsman's hollow." Nokuti, chikonzero ini ndakapa mazita kumakoronga emumipata aya, pachangu, ndaiitira kuti ndigoziva pandinenge ndiri. "Sportsman's hollow," zvaiva nemhaka yekuti vakanga . . . Ini ndakaenda imomo ndikaona tsindi gumi nenhanhatu dzakagara mumuti mumwe chete; ndokupfura huwandu hunotenderwa nemutemo, kwavakusiya dzasara dzose dzirimo, uye ndakabva ndaenda. Uye ndiwo mutambo wachoka, ndizvo zvinoitwa. Saka Ini ndinopati, "sportsman's hollow."

38 Uye Iye wakanditi, "Nzvimbo yaunotumidza kuti 'sportsman's hollow.'" Kwete kuti Iye wakaitumidza, asi kuti ini ndini ndakaidana kudaro.

39 Ipapo Ini ndakaenda kunotangira zigoronga iroro uye ndikagara pasi pemuti wemuoki muchena, uye ndokumirira kwenguva inenge hafu yeawa, hapana chakaitika. Ini ndokubva ndarara pasi, kuita zvekuzvambarara pasi, ndakatambanudza maoko angu. Ipapo Iye akataura neni.

40 Uye ipapo Iye akati adaro, iwo Mashoko aakandizarurira ini Iye, paRugwaro irworwu rwatava kusvika parwuri mangwanani ano, Ini ndakanga ndisati ndambozviona, muupenyu hwangu hwose.

41 Uye zvino Ini pandakazosvika kuShreveport, Louisiana; umwe mukadzi ari mukadzi ane chipo, zita rake anonzi Mai Shrader.

42 Makore mazhinji apfuura, apo Mutumwa waJehovha akasangana neni parwizi pazasi apa, kekutanga, uye akazvionesa ari Chiedza, uye Mashoko ayo Iye akataura ipapo; makore gumi nerimwe apfuura, apo Ini ndakafamba ndichipinda mune mumwe musangano, mukadzi uyu muduku akasimuka uye akataura nendimi uye akadudzira. Zvakanga zviri shoko rimwe nerimwe zvimwezvo neizvo Mutumwa akataura.

43 Uye iyeyu mukadzi muduku mumwewo, apo Ini ndakafamba kupinda mutabhenakeri pa . . . kana kuti munzvimbo iri paShreveport apo takanga tiri, iyo Life Tabernacle, Mweya Mutsvene wakafamba pamusoro pemukadzi iyeye uye ukataura shoko rimwe nerimwe izvo zvaakanditaurira mugomo muye. Ipapo Mweya wakatanga kufamba uye uchipa dudziro, kufanotaura zvinhu naicho chizaruro, nechiporofita, zvinhu zvaizoitika mumusangano iwoyo manheru aitevera acho, uye hapana kana nguva imwe yazvakakundika.

44 Zvisati zvaitika izvi, mumwe mukadzi muduku akasimuka mumusangano uyu, mukadzi muBaptisti akauya ipapo asingazivi kuti odini. Uye akange akamira pakati pemusangano

uye Mweya Mutsvene ukawira pamusoro pake, akatanga kutaura nendimi, mukadzi muBaptisti waibva kuKereke yeFirst Baptist yekuShreveport. Uye ipapo haana kuziva zvaakange aita. Uye ipapo, iye asati akwanisa kutaura chinhu, Mweya Mutsvene wakapa dudziro, ukati, "ZVANZI NAJEHOVHA, 'Mukati memwedzi mitatu, pachave neMweya waMosesi, Eriya, naKristu, uchishumira tabhenakeri ino.'" Hezvo zvakaitika, zvakakwana.

45 Mumwe murume muBaptisti anobva kuMeridian, Mississippi, achitanga kuisa ruoko rwake pafiriji yake, kuti atore chimwe chinhu kubva mufiriji, uye Mweya waMwari wakauya pamusoro pake. Uye akataura nendimi, asingazive zvaari kuita. Uye asati a . . . anzwisisa kuti ari kuitei, Mweya Mutsvene wakataura ukati, "Enda kuShreveport, Louisiana. Muranda wangu achakuudza zvekuita."

46 Uye iye akauya ikoko, akati, "Ini handinzwisise izvi; hazvisati zvakamboitika." Oh, ini zvangu!

Tave kurarama mumazuva ekupedzisira toda kusvika paKuuya kwaShe.

47 Iko kaKereke kaduku panguva dzose vanga vari vashoma, vari vepentecosti. Handirevi vemasangano echiPentecosti. Handirevi izvozvo. Asi, vanhu vane chiitiko chepentecosti! Pentecosti harizi sangano. Pentecosti chiitiko chinoenda panaani anoda. MuKatorike, muJudha, muPurozeraiti, muMethodisiti, muBaptisti, "Aninani anoda, ngaauye." Chiitiko icho munhu dungamunhu . . . Mwari haashande nesangano, kana Iye kushanda muvaHedheni se—serudzi kana boka revanhu. Anoshanda nemunhu dungamunhu, "Aninani anoda." Angava muchena, mutema, weyelo, webhurauni; Methodisiti, Baptisti, Protestanti, Katorike. Chiri chipi chaari, "Regai auye," aninani. Ini ndinofara kwazvo kuti wakazviita nenzira iyoyo. Ini . . .

48 Semumwe muchinda akamboti, "Ini ndingada hangu kuMunzwa achitaura saizvozvo pane kudana zita rangu, 'Regai William Branham auye,' nokuti pangangova nevanaWilliam Branham vanodarika mumwe. Asi Iye paakati, 'Aninani,' Ini *ndinoziva* ndinokwana ipapo."

Naizvozvo ndiyo nzira iyo tose tinganzwawo, "Aninani anoda, ngaauye."

49 Zvino, Ini ndinoziva kune vanhu vakawanda vakamirira kunze uku mumahotera uye mumamotel, vakauya kubva kwakasiyana pasi rino. Maona? Kune vanhu muno vakabva kuIreland nedzimwewo nzvimbo, vakamirira nguva idzi dzakatarwa dzekuonana. Asi handigone kudzibata panguva ino iyi. Ndinoda kupa nguva yangu kune izvi, manzwisisa.

50 Apo Ini pandinodzoka kubva kunzendo idzi, kazhinji ndinodzoka kuzove—kuzove nemumwe munhu wandingashumira kwaari, nokuti vanochengeta nguva

dzakatariranwa. Asi iko zvino totombovarega vachienda nokuda kweIzvi.

51 Zvino, chinhu chimwe bedzi tisati tatanga zveBhuku iri. Pakuvamba kwakanga kuine Kereke yechiPentecosti. Iyoyo Kereke yechiPentecosti yakabuda ikafamba iri musimba roMweya ikanyora Bhuku yeMabasa. Pachikamu chechipiri, yakatanga kuderera, kereke ikapinda mukuve zvetsika. Pazera rechipiri rekereke, yakanga yanyatsove yezvetsika, asi kaya Kambeu kadiki kePentecosti kakaramba kachiuyawo, vemweya. Ipapo yakazopinda munzvimbo yemazera erima, anenge chiuru chimwe nemazana mana anoraudzira emakore, ezirima rekutambudzwa. Kaya kazera kadiki kechiPentecosti kakaramba kachirarama mese imomo. Kuti kakararama sei, usandibvunze. Rwaive ruoko rwaMwari, ndicho chinhu choga chingadai chakazviita.

52 Nokuti, vaivaroverera pasi, pazvitanda. Zvino vaitora varume vachivazvambaradza pa—pachigutsa, uye vagotora mbambo dzemiti vachikomerera mumakumbo avo, uye vorega mhuka, imbwa, dzichivadya kubva neshure, kubvarura matumbu avo, vasati vambofa. Votora madzimai, vovacheka vachibvisa mazamu avo, nechokuchekesa seku*dai*, zamu ravo rekurudyi, uye vongomira zvino vorega ropa richingochururuka kubuda, kusvikira upenyu hwavo hwazongobuda mavari. Kutora vana kubva mumadzimai akazvitakura vachipa imbwa nenguruve kuti dzidye, ivo vakatotarisa. Zvichitonzi chiKristu; asi iro Bhaibheri rakati, uye Jesu vakati, "Zvichaitika kuti vachakuurayai, vachifunga kuti vanobatira Mwari basa." Maona?

53 Uye zvino chinhu icho chakaramba chichingokambaira chichienda kusvika rave rimwe zera. Zvino pekupedzisira chakazobuda. Zvino tinocherechedza apo iyo kereke yabuda mukuvandudzwa. Yakabuda mugwara ikabuda mugwara, kubva panguva iyoyo, ikasuduruka kubva paMweya, ikasuduruka kubva paMweya, ikaramba ichingodaro kudzamara pazera rino rekupedzisira apo yagadzirira zvino kubatana pachayo uye igogadzira mufananidzo kuchikara.

54 Asi iwo Mweya mudiki uchagara mumwoyo yevanhu kusvikira Jesu achiuya. Zvinotofanira kudaro. Rambai makaisa izvozvo mupfungwa dzenyu.

55 Tichazvidhirowa pamamepu, totora nhoroondo nezvose, uye tigokuratidzai kuti ndizvo chaizvo zvazvakaita. Tokuregai mutore nhoroondo, imi pachenyu, uye mugoiverenga. Kuona izvo zvinotaurwa neBhaibheri, uye neizvo zvinotaurwa naiyo nhoroondo. Kuona kuti zvinonyatsosangana chaizvoizvo. Oo!

56 Dai tose tarega kungotora izvi sezvidzidzo, asi dai isu nekurevesa, nekurevesa tatora yambiro dzoMweya Mutsvene

uye tonamata, siku nesikati. Musarega chinhu chichikumisai kunamata.

57 Tinopinda umu, zvichavhundunyura upenyu hwevarume vaye vakuru vekare imomo umo, kuzvipira kwavakaita. Uchaona kuti iwe wakaita zvishoma sei. Zvinoita kuti ndinzwe kuzvinyarira dzimwe nguva, kuti isu tinoda kuti zvitiitire munyorododo nguva dzose, uye ivo zvinhu zvose zvakanga zvakavaomera chose. "Vaidzungaira," Pauro akataura muvaHebheru 11, "vakapfeka matehwe emakwai nembudzi, vachitambudzwa nekurwadziswa, vasina chinhu." Chapupu chedu chichamira sei kana choenzaniswa nezvavo? Zvichabuda sei zvedu zvamiswa padivi nezvavo? Uye isu tinoda kuti zvinhu zvose zvinge zvakanyatsotinakira.

58 Zvino, mukungoremekedza, tisati tazarura iro Bhuku, ndingada kuti isu tose, vanokwanisa, tingosimuka tingomira kwekanguva pakunamata. Zvino nekurevesa kwemwoyo wako, femerai shoko remunamato we . . . kuna Mwari.

59 Ishe Mwari, iye Musiki wematenga nenyika, Muvambi weUpenyu Husingaperi, uye Mupi wezvipo zvose zvakanaka nezvakakwana. Tingakukumbirei Imi, Ishe, chekutanga, mutiregererewo kushaya hanya nezvinhu kwedu kwose, uye nezvivi nekudarika kwatinoitira Imi, uye kwatinoitirana isu nevamwe vanhuwo vakangoita sesu.

60 Dai nguva diki iyi yekuuya pamwepo yarega kungoperera pakusimudzirwa kwemunhu wedu wemukati, asi dai tavhenekerwa neimwe nzira, uye zvitipe kufemerwa, kusvika tigoenda tinotaurira vamwe. Dai yave nguva yekuzvikumikidza zvakare, kubatana neMuviri uzere waKristu uye nekuve takagadzirira kubvutwa.

61 Mwari Baba, kwete nemanzwiro angu pachangu, ndichiziva kuti muranda weNyu, nevamwe varanda vose, havakwanise kuita basa guru iri. Tichicherechedza kuti vanhu vakuru, vakaenda kare, vakazvitorera pamwoyo yavo kuedza kuzarura Izvi, kana kupa mashoko avowo pamusoro peChizaruro chikuru; ipapo tinoona kuti isu, kutodarika ivavo, hatikodzerane nazvo. Asi Imi ndimi kukodzera kwedu.

62 Uye Ini ndinonamata, Baba Vekudenga, kuti Imi muite chimwe chinhu chakatsaurwa munguva ino iyi, kuti Mweya Mutsvene uve neukuru mumwoyo mumwe nemumwe. Dzingisai miromo inotaura uye nenzeve dzinonzwa. Uye kana izvi zvose zvapera, uye patinozvikumikidza kuNemi, dai isu taifamba kubva mukati memba ino, tichiti, "Zvanga zvakanaka kwatiri kuti tanga tirimo. Iwo Mweya Mutsvene wataura nesu patanga takagaramo. Uye zvino tatsunga mwoyo kuita zvose zvatinogona apo Zviedza zvemadekwana zvichiri kuvheneka." Zvitenderei zvidaro, Ishe.

63 Dai, panguva yemusangano uno, itai kuti varume nevakadzi vabatirire, patsva. Dai Matimutsira vanotaura nendimi, vadudziri vendimi. Dai Matimutsira zvipo zvekuporofita. Mutsai vaparidzi, vafudzi, vavhangeri, zvakadaro izvo, kuti Kereke ikurudzirwe. Mutsai mamishinari aende kumunda mberiyo uye vaunze iyoyi Vhangeri inobwinya. Kwese uko kuchaenda Shoko, dai Iro rawira pavhu rakanaka, richibereka zvakapetwa kazana, nekuti tinotenda kuti tave pakuguma kwechizvarwa. Mugumo wave pedyo.

64 Itai kuti zvidaro zvinhu izvi, Baba. Uye pamusoro pezvose, Ishe, panguva ino, Imi ndibatsirei ini, ndini ndiri pakushaiwa. Nokuti Ini ndinozvikumbira, apo ndinozvikumikidza kuNemi pashumiro idzi, muZita raJesu Kristu. Ameni.

[Imwe hanzvadzi inotaura nendimi. Imwe hama inopa dudziro yendimi—Mupepeti.]

65 Mwari Wemasimba, Uyo akamutsa Jesu kubva kuvafi, isu tinofara zvikuru kuziva kuti Mweya weNyu unogara pakati pedu. Nguva dzose Iye ndewechokwadi uye hapambofa pakaita shoko rimwe risiri chokwadi. Uye zvino, Baba, endai mberi kusimbisa Shoko Renyu patinoverenga, kuitira mbiri Yenyu. Uye dai mwoyo mumwe nemumwe, sezvamakataura Imi, "Ivai vakagadzirira makabengenuka panguva, nekuti pachabuda chimwe chinhu." Zvingangova kuti vanhu vachagamuchira yambiro yavo yekupedzisira yekuti vadzoke pazvinhu izvo vari kuita ikozvino, vaende munzira yakarurama. Tinokutendai Imi, Mwari Mutsvene, muZita reMwanakomana weNyu, ivo Ishe Jesu. Ameni.

66 Toenda zvino kune iro Bhuku reZvakazarurwa, chitsauko 1. Zvino, chekutanga, Ini ndinoda kuverenga ndima nhatu dzekutanga dzeZvakazarurwa.

> *Zvakazarurwa zvaJesu Kristu, zvaakapiwa naMwari, kuti* aratidze kumuranda *wake zvinhu izvo zvinofanira kukurumidza* kuitika*; akazvituma nomutumwa wake ndokuzivisa muranda wake Johane:*
>
> *Wakapupurira shoko raMwari, nezvokupupura kwaJesu Kristu, ne*kune *zvose . . . achireva zvose zvaakaona.*
>
> *Wakaropafadzwa uyo unorava, navanonzwa mashoko okuporofita* uku*, vachichengeta* zvinhu izvo *zvakanyorwa imomo: nokuti nguva yava pedyo.*

67 Sezvandambotaura kare, zvino, mune izvi tichaedza kupa kakumedura-medura ikozvino keiri bhuku, maererano nedzinhoroondo nezvimwe zvakadaro. Uye nguva yegayega mukandiona ndava kutora zviri pamapeji ayo ndanyora pano, zvinhu zvandakatora mumakomendari nezvimwe zvakadaro.

68 Zvino, munyori weBhuku iri ndiJohane, Mutsvene Johane wokudenga, richinyorerwa chizvarwa chichazouya (A). (B) Rakanangiswa kuvatumwa vanomwe veidzo nguva nomwe dzakatsaurwa dzenguva yechiKristu, nguva inobva pamazuva ava apostori kusvikira pakuDzoka kwaShe. Uye ma . . . zvino, mazera anouya achitevedzana, rimwe nerimwe, kubvira pakukwira kwaShe wedu kudenga kusvikira pakuDzoka kwaIvo zvakare. Zera rimwe nerimwe rekereke rinotsanangurwa zvechimiro charo chepamweya. (E) Zera rimwe nerimwe rekereke rinogona kuzviona pacharo kuburikidza nezvemaGwaro uye nekutaura kwemweya kwakaitwa kwavari. Apo Mweya unotaura, zera rimwe nerimwe rinogona kuzviona pacharo. Zera rimwe nerimwe rakabereka Muzambiringa wechokwadi waKristu, idzo mhandara Dzakachenjera. Uye zera rimwe nerimwe rakabereka muzambiringa wekunamatidzirwa, mhandara benzi.

69 Venhoroondo vanobvumirana, uhu upenyu hwaJohane. Johane akararama makore ake ekupedzisira ari muguta reEfeso uye akafira imomo. Akange ari pachitsuwa chePatmosi, panguva yaakanyora iri Bhuku, Zvakazarurwa. Yanga isiri nyaya yeupenyu hwake iye, asi inyaya yaKristu mumazera aizouya. Maona? Changa chiri chiporofita. Kwete upenyu hwaJohane, kwete upenyu hwaKristu, asi kuporofita zvezera raizouya. Kwanga kusiri kutaura kwekuporofita kwake iye; asi, kurudziro dzaIshe, mukurevesa. Changa chisiri Chizaruro chaMutsvene Johane wokudenga, asi Chizaruro chaKristu ivo Ishe.

70 Ndiro Bhuku rekupedzisira reTestamende Itsva, asizve rinotaura mavambo nemagumo emwaka weEvhangeri. Ndine vadzidzi veBhaibheri vanobvumirana naizvozvo.

71 Matsamba kumazera manomwe ekereke akanyorwa, mukuporofita, kumazera aizouya. Pauro akanyora zveupenyu nekubwinya kwemakereke manomwe aivepo muzuva rake iye. Johane akanyora zveupenyu nekubwinya kwemakereke manomwe aive mune ramangwana, kuti Johane aitaura kuvafudzi vanomwe kana kuti vatumwa zvakanyatsonangana neMakristu ose ari pasi pevatumwa vanomwe ava vakasiyanasiyana.

72 Zvino, iro Bhuku reZvakazarurwa, zvino tichatora, apo tave kunyatsozvimedura pamangwanani ano nepamadekwana. Uye tichaedza kuti tibude kuma eleven o'clock kana eleven-thirty, nguva yakadaro, uye ipapo tozotangazve manheru anhasi nasevheni.

73 Ikozvino zvakatakurwa muchitsauko chokutanga ichi. Ndima yokutanga, ino—inongozvitaurira Yega, nokuti Chizaruro chaJesu Kristu. Ndima yechipiri, Mutsvene Johane wokudenga ndiye munyori uye muranda. Ndima yechitatu, makomborero anotaurwa. Ndima yechina kusvika kune ndima yechitanhatu,

kwaziso kukereke. Ndima yechinomwe, ndicho chiziviso. Ndima yechisere, Umwari hwaJesu Kristu huri pamusoro pezvose. Ndima yepfumbamwe kusvika kundima yemakumi maviri, chiratidzo chepaPatmosi.

74 Uye, zvakare, ndima yegumi neina negumi neshanu kutsanangura Iye mukubwinya kwakapetwa kanomwe keHumunhu hwaKe. O, zvakanakisa apo isu tinoona Kristu ari muhunhu hwaKe hwakapetwa kanomwe hwe-. . . zvakapetwa kanomwe unhu hwaIye muhunhu hwezvaari, Iye ari mukubwinya kwake kwekumuka kuvafi.

75 Zvino, dunhurirwa rinotsanangura unhu hwacho.

Chizaruro chaJesu Kristu, . . .

76 Kwete chizaruro chaMutsvene Johane wokudenga, asi Chizaruro chaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

77 Zvino, shoko rechiGiriki rinoreva *chizaruro* ndi*apocalypse*, rinoreva "kubhedhenura." Uye ndanga ndichitora shoko iroro uye ndichiri tsvakurudza. Rinoreva kuti, apocalypse, ndiko ku. . . Zvakaita semuvezi, agadzira chimupunzo chihombe, uye anenge akachifukidza nechidzitiro. Uye ipapo anoenda obvarura chidzitiro achichibvisa oratidza zvanga zviri seri kwechidzitiro. Kufugura.

78 Uye iyi Bhuku hakuzi kufugura, nyanye-nyanye, kweMunhu Jesu Kristu. Asi, zvirokwazvo rinotaura zveUmwari Hwake uye Iye unhu hwake hwakapetwa kanomwe, uyezve pamusoro pezvinhu zvaari Iye, sekuve muPrisita, Mambo, uye zvimwe zvakadaro. Asi kuzarurwa kweramangwana remabasa Ake Iye mumazera manomwe ekereke ayo arikuuya. Rino . . .

79 Apo Ishe wedu akange ari panyika, vadzidzi vakamubvunza Iye, vakati, "Tenzi, imi muchadzorera here panguva ino humambo kuIsraeri?"

80 Uye Jesu vakati, "Hazvisi zvenyu kuti muzive awa iyi kana nguva." Uye hapana aizoziva. Vakati, "Kunyange Mwanakomana," panguva iyoyo, "akanga asingazive."

81 Asi shure kwekufa Kwake, kuvigwa, uye nekumuka kubva kuvakafa, uye nekukwira kwake kuenda Mukubwinya, Iye akagamuchira kubva kuna Mwari ramangwana reKereke. Ipapo Iye akadzoka, kuunza iyi Mharidzo kuKereke, uye iyi Mharidzo yekuuya Kwake uye nechimiro chekereke dzake Iye mukufamba kweZera.

82 Iye haaikwanisa kuzviita asati asvika Iye pakufa, kuvigwa, nekumuka kubva kuvakafa, nokuti Iye akanga asati azviziva panguva iyeyo. Asi macherechedza here maverengero anoita rugwaro pano apa?

Zvakazarurwa zvaJesu Kristu, zvaakapiwa naMwari (Kristu), . . .

83 Maitikiro ekuti Mwari Baba vakapa Chizaruro kumwanakomana waVo Jesu Kristu. Uye Iye akatuma mutumwa Wake kuna Johane, kufananidzira izvi zvinhu zvaivako; zvaivako, zviripo, nezvichazovako. Oo, zvakagadzwa zvakanakisa!

84 Zvino, muzera guru raiuya iri rakaonekwa naJohane! Zvino, izvi, ichi Chizaruro chakapiwa kwaari, nekukomekedza, kuti chibhedhenure chinangwa chakatsaurwa chaKristu, izvo Iye zvaachange ari uye zvaachange akaita, muzera rimwe nerimwe. Ndicho chikonzero ndati, mangwanani ano, chengetai pfungwa yenyu iri paKereke yechokwadi. Kereke yechokwadi yakatanga paZuva rePentecosti.

85 Hakuna mudzidzi wezvinamato, mudzidzi weBhaibheri, kana munyori wenhoroondo, angambofa akati yakatanga mumazuva aMarteni Ruther, Wesley, zera reChikatorike, kana rimwe zera ripi zvaro. Yakatanga paPentecosti. Ndipo pakave nekuvambwa kweKereke. Ndiwo akave mavambo. Saka, naizvozvo, muhurukuro nani zvake, mira pasuwo rePentecosti, uye havana kumwe zvakare kwavangaenda.

86 Zvakangofanana nekuisa tsuro mumunda. Iwe uchiziva pane mwena yese, saka unenge waivhara yese. Inotofanira kudzoka pakare panzvimbo imwe chete payapinda napo ipapo.

87 Haiwa, ndiyo nzira yacho, ani naani anotaura nezvemakereke uye nezvemazera ekereke, uye mabasa eMweya Mutsvene, unotofanira kudzoka kune chepamavambo, pazvakatangira. Zvinotofanira kudzoka ipapo nokuti Mwari haana miganhu, uye Iye ane masimba ose. Naizvozvo, Iye ari asina miganhu, Iye haakwanise kuita chinhu pano *apa*, ozoita chimwe chinhu chinopesana naichocho, kuno *uku*. Iye anofanira kuita nguva yegayega semaitiro aakamboita Iye nguva yekutanga.

88 Sezvakataurwa naPetro, nemusi uyo we . . . apo vaHedheni vakagamuchira Mweya Mutsvene, akati, "Tingarambidze mvura here, tichiona kuti ava vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakaita isu pamavambo?"

Jesu, paaiva Iye panyika, akataura akati, "Zvaka . . . "

89 Pane akauya akati, "Zviri pamurau here kunesu, kuramba vakadzi vedu nemhaka ipi zvayo?"

90 Jesu akati, "Uyo akaita murume, akaita mukadzi. Nemhaka iyi murume acha . . . "

Akati, "Asi Mosesi wakatitendera rugwaro rwekurambana."

Jesu akati, "Zvakanga zvisina kudaro kubva pakutanga."

91 Dzokera kumavambo. Naizvozvo, kana tichataura pamusoro pezera rekereke, tinofanira kudzokera kumavambo, tichiisa padivi mashoko ose akataurwa nemunhu upi zvake zera rose rapfuura.

92 Iri ndiro Bhuku rakanyatsosimbiswa kudarika rimwe Bhuku ripi zvaro riri muBhaibheri. Iri ndiro Bhuku rega iro Kristu akaisa Iye chisimbiso chake pariri. Rinotanga nemaropafadzo ronopera nekutukwa. "Wakaropafadzwa uyo anoverenga." Uye, "Wakatukwa uyo anobvisa chipi zvacho kubva Mariri."

93 Ndiro rega Bhuku iro Kristu akanyora, Pachake, muBhaibheri rose. Mirairo ine Gumi, Iye wakanyora Iye nemunwe wake. Ndizvozvo. VaJudha vakabatirira ipapo. Uye, nhasi, nde—ndeZvakazarurwa.

94 Uye kana Satani akavenga rimwe Bhuku muBhaibheri, ndiro Zvakazarurwa. Kune maviri . . . Anovenga maGwaro ose, uye ndeese zvawo iwo maGwaro. Asi, kana pachii zvacho, aanoshora kunyanyisisa, iZvakazarurwa neGenesi. Nekuti, Genesi inotaura mavambo. Zvakazarurwa inozarura izvo zvichaitika kwaari muzuva rekupedzisira. Achasungwa kwechiuru chemakore; ipapo iye, nemuporofita wenhema, nechikara, vachakandwa, vari vapenyu, muGomba reMoto.

95 Uye anorwisa Bhuku yaGenesi pamusoro pekuti ndere—nderechokwadi. Anotaura, kuti, "Harisi rechokwadi." Uye anodenha pfungwa dzevanhu. Tarisai apo dhiyabhorosi paari, paBhuku iyo yeGenesi kana Bhuku yeZvakazarurwa, rekutanga nerokupedzisira.

96 Uye Bhuku yeZvakazarurwa ine mifananidzo yakawanda mairi kupfuura mamwe ose Mabhuku ari muBhaibheri. Ine mifananidzo yakawanda nekuti iBhuku yechiporofita. Ibhuku yechiporofita. Naizvozvo inofanira kuti inzwisiswe nevari muboka rechiporofita. Iri Bhuku harina kunangiswa kuvanhu vese. Hakuna anogona kurinzwisisa, tinopotsa tamushaya. Iri Bhuku rakaitirwa rimwe boka revanhu. Uko kuna Deuteronomio, Iro rinoti, "Zvinhu zvakavanzwa ndezvamwa—mwa—Mwari." Ndizvozvo. Uye Iye anozarura kwatiri isu, vana vaKe, zvinhu zvakavanzwa. Saka hazviende . . .

97 Pfungwa yenyama haigone kugamuchira zvinhu zvikuru zvemaGwaro izvo, nokuti izvi upenzi kwavari. Asi kune avo vane rudo neShoko raMwari, ndivo avo vakanyorerwa Bhuku iri, kuKereke. Zvakazarurwa zvaJesu Kristu, "Kukereke iri paEfeso, kukereke yeSimina, kukereke, kumakereke," zvichidzika zvakadaro. Zvakazarurwa zvaJesu Kristu kuKereke. Ndapafarira ipapo.

98 Uye cherechedzai, ndikowo kupedziswa kwemaGwaro, uzaro hwekupedziswa. Uye mukugadzikwa panzvimbo rakaiswa panzvimbo yacho chaiyo, pekupedzisira muBhaibheri. Zvakazarurwa zvenyaya yacho yese zvakagadzikwa seri kuno nemaropafadzo kune anoverenga Iro nekurinzwa Iro, nekushurikidzwa kune avo vanowedzera kana kutapudza. Ndiwo magumo ese, o, mhedziso. Hapana chingawedzerwa paRiri. Uye apo munhu akaedza kutapudza chii zvacho kubva

paRiri, kana kuwedzera chii zvacho kwaRiri, Mwari vakati vanobvisa chidimu chimwecho kubva muBhuku yeUpenyu. Maona? Iye anobvisa mugove wake kubva muBhuku, kana akawedzera kwaRiri.

99 Naizvozvo, kana tichiona Chizaruro chakapetwa chaIshe vedu, kuti Iye ndiani, izvo zvaari Iye, kana pane munhu anozowedzera chinhu pane Izvi kana kutapudza paZviri, kuporofita kwenhema. Vazhinji vakaedza kutaura kuti vane zvimwe zvakazouya pashure peIzvi. Asi Izvi ndicho Chizaruro chakazara chaIshe Jesu Kristu vari muzera rekereke raVo uye vari muZuva Ravo, Chizaruro chaIshe vedu.

100 Zvino—zvino, *kubhedhenura*, shoko rechiGiriki, chinhu changa chakavanzwa, kusabhe-. . . "kuzarura" Kristu.

Zvino, ndima inotevera, tino wana, mundima yechipiri.

101 Ndima yekutanga iri kubhedhenura Kristu, Chizaruro, kana kuti kufugura. O! Zera rekupedzisira uye neKuuya kwaShe ma-. . . mafukidzirwo azvanga zvakaitwa, kuva apostora! Vakabvunza mubvunzo wacho, asi mumwe chete bedzi ndiye akararama kusvika azova neChizaruro chacho. Uye zvakadaro, haana kuchinzwisisa, nokuti nhoroondo yacho yakanga isati yaitika.

102 Zvino, nhoroondo yeBhuku iri, kana kuti zvi—zviri mukati meBhuku iri, zvanga zvakanangiswa kumakereke manomwe ari muAsia Minor, yaivapo panguva iyoyo. Zvanga zvakanangiswa kumakereke manomwe iwayo. Kwaive nemakereke akawanda kudarika manomwe iwayo, muzuva iroro. Asi imwe neimwe yemakereke aya yainge yakakosha, kukosha nekuda kweunhu hwaive mukereke iyoyo, hwaizoitevera mukufamba kwezera, unhu hwekereke iyoyo. SehweEfeso, yaive nekaunhu kayo. Smirna, Pergamo, zvichidzika zvakadaro, Firadherfia, imwe neimwe yemakereke aya yaive nekaunhu mairi, kaizooneka zvakare mumazera aizouya. O! Dai maikwanisa chete. . .

103 Ani zvake anogona kuona zva—zvazvinoreva pamweya maGwaro aya uye angataure kuti haana kufemerwa? Maitiro ako chaiwo, icho chinangwa, iro donzvo revanhu chairo, handiti, zvinoratidza kuti Rugwaro rwakafemerwa, kuona Mwari magadzikiro avanoita zvinhu izvozvo. Izvo zvaunongoita, *pano,* mufananidzo wezvimwe zvinhu.

104 SaAbrahama achipirisa Isaka, mwanakomana wake oga; mufananidzo waMwari vachipa Mwanakomana Wavo, mazana mazhinji emakore akazotevera. Kuti Josefa akatengeswa uye akave mutirongo, achivengwa nevakoma vake uye achidiwa nababa vake; Jesu, mumufananidzo. Mashandiro akaita Mweya uchishandisa Josefa, munhu, uye muhunyoro kufananidzira upenyu hwaKristu, zvakakwana. Maitiro ekuti, Dhavhidha, Mwanakomana waDhavhidha akagara pagomo rimwero. Apo Dhavhidha akarambwa kuva mambo uye akakwira

nepamusoro pegomo, Gomo reMiorivhi, achicheuka shure, achichema, samambo arambwa; mazana mashoma emakore mushure maizvozvo, Mwanakomana waDhavhidha akakwira gomo rimwero, saMambo arambwa, uye akachema pamusoro peJerusarema. Mweya uri mumufananidzo uye nemuchimiro. O!

105 Saka unokwanisa kuona here kereke huru yePentecosti muzuva rino rekupedzisira? Unoona here mavambirwo ayakaitwa naMwari neMusi wePentecosti? Mweya iwoyo unofanira kuramba uri muKereke mumazera ose.

106 Vakazopindwa nekuita zvetsika uye nekusava nehanyn'a. Vaifanirwa kutove nesangano. Vaifanira kubatanidza kereke nehurumende yenyika, uye pakupedzisira vakazviita uye zvakakonzera mazana mazhinji emakore ekutambudzwa. Tevere, Kuvandudzwa, vakabuda. Uye gore rimwe nerimwe, vanga vachidimura kubva paMweya uye vachiwedzera pane zvepanyama, kubva paMweya uye vachiwedzera pane zvepanyama, kusvikira iye zvino vatogadzirira kuzviita zvakare. Tiri kurarama mune dzekupedzisira dzino, nguva dzekuvhara, kupedziswa kwekereke. Tiri muFiradherfia, kana, kuti muZera reKereke yeRaodhikia.

107 Zvino, chitsauko chekutanga, ndima yekutanga, yakaziviswa ku—kuna Johane. Zvino, ndiani munyori? Johane. Johane. Changa chisiri chizaruro chaJohane, uye tinoziva kuti changa chisiri, nokuti changa chiri Chizaruro chaIshe Jesu Kristu. Iye waiva izvi, iye anga akasarudzwa kuva mudzidzi. Uye iro Bhuku Pacharo rinozarura chinhu chezvariri, Jesu Kristu, kune uyo waAizarura.

108 Uye ratumirwa ku . . . "Uye akafananidzira izvi nemutumwa wake kuna Johane." Hatizivi kuti mutumwa uyu aive ani. Bhaibheri haritaure kuti mutumwa uyu aive ani. Asi tinoziva kuti akange ari muporofita, nokuti Bhaibheri mumashure rakazotaura, richiti, "Ini Jesu ndatuma mutumwa wangu kupupura zvinhu izvi zvinofanira kukurumidza kuitika."

109 Tevere tinozoziva kuti apo Johane paakatanga kunamata mutumwa uyu, mutumwa akati, "Ona kuti hauite izvozvo." Zvakazarurwa 22, ndinotenda ndipo pazviri. Uye akati, "Nokuti ndiri wevaranda pamwe chete newe uye wevaporofita." Anogona kunge akanga ari Eriya. Anogona kunge akanga ari mumwe wevaporofita. Johane akange ari muapostora. Asi muporofita uyu akatumwa.

110 Uye Johane, zvaive muapostora, tarirai unhu hwedzimwe tsamba dzake dzose, zvinoratidza kuti haasi Johane akanyora izvi, nokuti hazvina unhu hwakafanana nehwaJohane. Torai Johane weKutanga, Johane weChipiri, zvichidaro, uye moverenga. Uye motarisa unhu hwaizvozvo, tevere mozotarisa unhu hwezvizvi. Johane akanga ari munyori uye ari muapostora, asi uyu mweya wemuporofita. Munhu akatosiyana, zvachose.

Maona? Hakusi kunyora kwaJohane. Changa chisiri chizaruro chaJohane. Chaive Chizaruro chaMwari chaJesu Kristu kumakereke. Uye chaive ne . . . Johane aingova munyori chete, munyori, uye—uye iro Bhuku rinotaurawo zvimwezvo.

111 Zvino, harina kunangiswa kuna Johane. Rakanangiswa kuKereke. Ndizvozvo. Johane, panguva iyoyo, wakanga ari mufudzi wekereke yepaEfeso. Uye zvino Bhuku rakanangiswa kuna Johane . . . kana kuti kukereke, kwete kuna Johane.

112 Zvino ndima yetatu, Iye anozivisa makomborero. Terera izvi.

> *Wakaropafadzwa uyo unorava, navanonzwa mashoko okuporofita* uku, *vachichengeta* zvinhu izvo *zvakanyorwa imomo: nokuti nguva yava pedyo*.

113 Inguva ipi yava pedyo? Nguva zvinhu izvi pazvinoitika, apo ichi Chizaruro chaJesu Kristu chinopedziswa muzera rimwe nerimwe rekereke.

114 Zvino chikonzero Iye akazvinyora sezvizvi. Dai akanga ati, "Zvakanaka, zvino, Iye . . . " Vakanga vakamutarisira Iye kuti; dai zvakanga zvazarurwa, dai Iye . . . zvakanga zvazarurwa kuna Johane, kuti Iye akanga achazouya kana makereke iwaya ayo angopera. Ndiko kamufungiro kazvaiitwa naJohane. Asi dai zvakange zvakadaro, makereke iwayo, achingopera chete, vouya . . . Dai aiziva, dai zvakazarurwa kwaari kuti pachave nemazera ekereke manomwe akareba, zviuru zvakati kuti zvemakore, kana kuti mazana emakore akati kuti, zvino panenge pasisina chikonzero chekumirira. Vaizongorarama zera rekereke ravo ropera.

115 Naizvozvo, Mwari akazvitaura, uye hazvina kuzarurwa kwavari. Hazvina kunge zvakazarurwa kuna Martin Luther, zvinhu izvo John Wesley zvaaiziva pamusoro pemaGwaro. Hazvina kuzarurwa kuma Baptisti, izvo maPentecosti anoziva pamusoro pemaGwaro, nokuti zviri muzera rakasiyana. Inguva dzakasiyana. Uye Mwari vanozarura zvinhu zvavo Ivo zvatongova bedzi mumwaka. O!

116 Haugone kudyara gorosi munguva yepfumvudza uye wokohwa panguva imwe chete iyoyo. Unodyara mbeu uye iyo inokura kusvika yaibva. Mwari anodyara Shoko raKe uye iRo rinonyatsokura. Zvino ipapo isu tinozotarira shure uye toti, "Hero iRo paraive." Haiwa, chokwadi, tinoRiona mushure mekunge Razarurwa.

117 Zvino, "Akaropafadzwa," iro Shoko, chiziviso chechiropafadzo, pandima yechitatu, "kune avo vanoverenga kana kunzwa zvakavanzika zvaro."

118 Zvinoita . . . pfungwa yenyama irinyenyeredze, nokuti pfungwa yenyama haina chinu chainoziva pamusoro pezvaro. Hazvishamise kuti pfungwa yenyama haizvizive, nokuti Satani

ndiye ari mupfungwa yenyama iyoyo. Uye Satani afumurwa, uye Satani haadi kuti iye afumurwe.

119 Munocherechedza kuti zvinotyisa nekuvhundutsa sei kuna Satani kana akafunga kuti iye ave kuzofumurwa? Tarisai mune imwe yeshumiro. Tarisai maitiro anoita vanhu. Imi zvitariei, mumusangano. Satani panguva yekuti ave kuda kuzofumurwa, pane mumwe munhu, unoona chiso chake chichishanduka. Maona, havachaziva kuti vofungei. Kamwe-kamwe, Mweya Mutsvene unoburuka wofumura dhimoni iroro. O! Anovenga misangano yemhando iyoyo. Ndicho chikonzero takave nehondo kwazvo, nokuti Shoko raMwari rinofumura dhiyabhorosi. Maona? Rinotaura zvaari.

120 Sekuti ukati, "Mukadzi agere apa uyu," uri pasi pekufemerwa neMweya Mutsvene, woti, "zita rake ndiMuzvari *Jones*. Anobva *Kwakati-kwakati*." Zvinoita sei izvozvo? Zvino simudza mweya wake, zvoukwidza kumusoro kuchimwe chiero.

121 "Mandiziva sei? Murume uyo haandizive, saka unofanira kunge uri mumwe mweya. Mweya wemhandoiko?"

"Iwoyu Mweya waMwari."

"Sei? Chii chiri kundinetsa?"

122 "Une T.B., kenza," chingave chii, "asi ZVANZI NAJEHOVHA . . . "

"O!" O, mavengerwo azvinoitwa naSatani izvozvo, nekuti Iwo unomufumura.

123 Zvino, pfungwa yenyama inozvitarisa, yoti, "Kuverenga pfungwa, pfungwa dzake dzataurirana nepfungwa dzeuyo." Havazive. Kwavari upenzi.

124 Asi kune avo vanoziva kuti Ichi chii, o, maropafadzo akadii! Chimbori chii? Chizaruro. Chizaruro chaani? Chemunhu ari papurupiti? ChaJesu Kristu muzera rino rekupedzisira rekereke, achizvizarura Iye pachake sekuvimbisa kwaakaita Iye kuti Iye ndizvo zvaachaita. Maona?

125 Chizaruro, maona, uye Satani anovenga izvozvo. Ini zvangu, akanyatsochivenga! Anofumurwa, chinofumura zano rake. Satani anovenga Zvakazarurwa uye naGenesi, ndakazvinyora pano apa. Icho ndicho chokwadi chaicho.

126 Zvino, anovengereiko chizaruro? Sei achibva apikisana nechizaruro kudai? Imhaka yekuti mabhuku ose zvawo emuShoko raMwari naiyo Kereke yaMwari zvakavakirwa neudzamu hwose pachizaruro.

127 Hazvizombofa zvakave kuburikidza ne—nechikoro, hazvina mhosva tingave nemaseminari akanaka akawanda sei. Ari kumashureshure muzera rakadzimaidzwa. Bhaibheri uye neKereke zvinongori chizaruro zvamazvirokwazvo.

128 Ngatizarurei. Ndine maGwaro andanyora pasi pano, Mateo, pa—pachitsauko 16 uye ndima 18. Timbotarisai zvishoma—zvishoma pana Mateo 16:18, tione kuti Rugwaro ruri papi, pekuti chizaruro. Vachiburuka mugomo, ndima yechi 17.

> Zvino *Jesu akapindura akati kwaari, Wakaropafadzwa iwe, Simoni Bha-jona: nokuti nyama neropa hazvina* kukuzarurira *izvozvo, asi Baba vangu vari kudenga.*
>
> *Neni ndinoti . . . kwauri, . . . ndiwe Petro,* uye *pamusoro* pedombo *iri* ndi*chavakira kereke yangu;* uye *masuwo ehadhesi haangaikundi.*

129 Zvino, kereke yeKatorike inoti, "Akaivakira pamusoro paPetro." Haiwa, izvozvo, izvozvo ndiko kufunga kwenyama chaiko. Haungafungidzire pfungwa yomweya ichigamuchira chinhu chakaita saichocho; saMwari, neMwanakomana waKe Iye pachake akamirapo, uye agovakira Kereke yake Iye pamusoro pemunhuwo zvake, wemazuva ese, akaberekwa muchivi. Murume wacho akazongozviratidza pachena. Iye, nemweya mumwe iwoyo paari, akatuka Jesu uye akaMuramba pachena Iye aripo. Anga asiri Petro.

130 Kana, harisizve rimwe—rimwe dombo rakanga riri ipapo, sezvinorehwa nemamwe makereke kuti raive ipapo. Rakanga risiri dombo. Nokuti, Petro . . .

131 Dombo raaitaura Iye nezvaro ipapo, aisava Petro, raisavazve Iye pachake.

132 Zvino, vazhinji vemaProtestanti vanoedza kuti, "Aiva Jesu. Aiva Iye waakavakira Iye Kereke paari. Iye!" Kwete, naizvozvowo handizvo. Kana mukacherechedza, akanga asiri Jesu, akanga asirizve Petro. Chaiva chizaruro.

> . . . *nyama neropa hazvina* kuzarura izvi kwauri, *asi Baba vangu vari kudenga* ndivo vaita chizaruro ichi.

133 Tarirai. Ndinoda kukubvunzai. Mubindu reIdheni, makanga musina maGwaro akanyorwa. Uye ipapo vakomana vaviri, Kaini naAbheri, uye vose vaida kuita chipiriso nekuwana nyasha kuna Mwari. Pavakaita saizvozvo, Kaini akauya ndokuvaka aritari; Abheri akavaka aritari. Zvakanaka, kana zvirizvo zvega zvinodiwa naMwari, Mwari aizove asina kururamisa pakupa Kaini mhosva. Zvakanaka. Ipapo Kaini akaita chipiriso; naAbheri akaitawo. Vose vaviri ava vakaita chipiriso. Kaini akanamata, naAbheri akanamatawo. Kaini akaita zvose zvakaitwa naAbheri.

134 Saka kana kuenda kuchechi, kuva weimwe chechi, kuita zvipiriso, nekunamata, nekurumbidza Mwari, zvirizvo zvega zvinodiwa naMwari, ipapo Mwari anenge asina kururamisa kupa Kaini mhosva iye aita izvo chaizvo zvaakataura Iye kuti zviitwe.

135 Asi, maona, Abheri, nechizaruro, akaziva kuti wakanga usiri muchero wakavaburitsa mubindu reIdheni, sekufunga kwepfungwa zhinji dzenyama nhasi uno. Abheri akauya akapirisa michero yeminda, Mwari vakazviramba, asi zvakazarurwa . . . ndinoreva, Kaini akadaro, ndinokumbira ruregerero. Kaini akapirisa michero yeminda nokuti aifunga kuti ndizvo zvakavaburitsa mumunda weEdheni. Tarisai chizaruro ichocho. Tarisai kusawirirana kwachiinako. Tarisai kurwadzisa kwachinoita nhasi uno. Asi wakanga usiri muchero wakavaburitsa. Evha haana kumbodya maapurosi. Zvirokwazvo. Akazoziva sei kuti haana kusimira, kuri kudya apurosi? Zvaive nechokuita neupenyu hwekusangana kwemurume nemukadzi. Zvaitofanira kudaro!

136 Zvino, tinotora izvozvo sezvidzidzo, uye tino, tozodzoka mazviri. Havana kana Gwaro rimwe.

137 Vamwe vacho vanoti, "Zvakanaka, mukadzi akati, 'Ndawana mwanakomana kubva kuna Mwari.'" Hongu, changamire. Kana nechipfevewo. Mwari ndiye anoita upenyu hwese.

138 Asi upenyu hwakatsveyama. Tarisai unhu hwaive nemukomana iyeyo. Aive wababa vake, dhiyabhorosi; ruvengo, hutsinye, mhondi. Maona?

139 Uye kuti ipapo, Abheri, apo vaka . . . vabereki vake dzimwe nguva vakamuudza kuti—kuti miti yaive nemichero pairi, nezvakadaro. Asi, zvakazarurwa kuna Abheri. Abheri akaenda ndokunotora gwayana, kuitira ropa, kutora upenyu. Kwete muti wemuchero, kuuya nemaapurosi nemabhanana nemapeya. "Asi Abheri, nechizaruro chemweya," vaHebheru 11, "akapirisa kuna Mwari chipiriso chaipinda pakunaka. Mwari achichipupurira, nokuti zvakazarurwa kwaari nokutenda."

140 Ndipo pakavakira Mwari Kereke yake Iye. "Nekuti nyama neropa hazvina kumbokuzarurira izvi." Hauna kumbozvidzidza Izvi kuseminari. Hapana munhu akambokudzidzisa Izvi pamwe panhu. "Asi Baba vangu vari kudenga vakuzarurira Izvi." Hezvo, nyaya yose iri pachizaruro, Kereke yose, "Pamusoro pedombo iri reChizaruro chaJesu Kristu, ndichavakira kereke yangu."

141 Ungangotora zvinotaurwa namufundisi. Ungangotora zvinodzidziswa neseminari. Ungangotora zvinotaurwa nekereke. Uye hazvisirizvo, nazvino. Ungagona kunge uchizvitsanangura zvakatsetseka. Asi kusvikira Mwari vakuzarurira kuti Jesu Kristu Mwanakomana Wavo, uye iwe waponeswa kuburikidza neRopa Rake; pamusoro pechizaruro ichocho, chokuti, "Iye ndiye Muponisi wangu."

142 "Pamusoro pedombo iri ndichavaka kereke yangu, uye masuwo ehadhesi haakwanise kuikunda."

143 Saka zvino munoona kuti sei Satani achinyanya kupikisana neBhuku yeZvakazarurwa. Chipi zvacho chakazarurwa,

chizaruro chemweya, Satani anopikisana nacho. Ndicho chikonzero achinyanya kupikisana neshumiro nhasi uno. Nekuti, chimbori chii? Kuzarurwa kwaKristu.

144 Regai kereke iyenderere mberi nemapato ayo makuru nemasangano, netumharidzo twayo twakanakisa nezvakadaro. Regai vaende mberi, Satani haanetsi zvakadaro izvo. Havana kana matambudziko. Munhu wese anenge achivabhabhadzira kumusana.

145 Kana pazosvika nguva iyo Mwari, kubudikidza neMweya Mutsvene, anozarura Kristu zvakare muKereke, nesimba nekuratidzwa kwekuporeswa kwevanorwara, uye nekuita zviratidzo izvo Iye akati zvichatevera vanotenda, kuti zviitike, ipapo Satani anoshanyarika panhoo yake. Anoita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Kusvika nguva iyoyo, Satani haana basa kuti unopinda chechi ukadini. Haana basa kuti zvakadii. Asi kana Kristu akazvizarura kwauri kuti Iye ndiye Mwanakomana waMwari, uye kuti mabasa aakaita Iye newe unoitawo; kwete mamwe mabasa, asi mabasa mamwe chetewo.

146 "Uyo anotenda mandiri . . . " Mutsvene Johane 14:7. "Uyo anotenda mandiri, mabasa andinoita naiye achaaitawo. Kuita mabasa mamwewo, uye zvikuru kune izvozvi." Nekuti, Kristu haaigona kuparidza rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvichave zvikuru. Haaigona kurwuunza kwavari, nekuti Mweya Mutsvene wakanga usati wapihwa ipapo. Asi apo Jesu akauya akapirisa Upenyu hwaKe, uye Mweya Mutsvene ukagodzoka, ipapo vakanga vave kuchikwanisa kupa Upenyu Husingaperi kuvanhu. Ndizvo "zvikuru" zvacho.

147 Asi zviratidzo neminana, Jesu akataura pachena akati, muna Mako 16, "Endai munyika yose, muparidze evhangeri kuzvisikwa zvose." Kusvikepi? Nyika yose. Vangani? Zvisikwa zvose. Kana bedzi Vhangeri iri riri kuparidzwa, zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Zvino izvozvo pazvinova chizaruro, hama, wave pedyo neUmambo ipapo. "Padombo iri ndichavakira kereke yangu Ini, uye masuwo ehadhesi haakwanise kuikunda."

148 Nokuti, murume kana mudzimai akambova seri kwerenje ari oga, sezvakaita Mosesi, uye chizaruro chaMwari chigoratidzwa kwaari kubudikidza noMweya Mutsvene, hapana chinogona kumuzunguza. Akangozvisimbira nokusimba kwose.

Satani anovenga Chizaruro. Haachide, zvachose; chinovhiringidza mazano ake.

149 Mamiriro eBhuku anoratidza kuti haasi Johane akarinyora. Ndizvozvo. Nokuti ndee—ndeeimwe . . . Zvinyorwa zvake, asi hakusi kufemera kwake. Kufemera kwaMwari ndiko kunonyora Bhuku. Zvakanaka.

150 Ngationei zvarinotaura zvino.

Wakaropafadzwa uyo anorava, navanonzwa . . . okuporofita uku, *vachichengeta* zvinhu izvo *zvakanyorwa imomo: nokuti nguva yava pedyo*.

151 Zvino, "Nguva yava pedyo." Chii? Ndeapo Chizaruro chizere chaJesu Kristu chinenge chaziviswa kukereke dzaKe. Zvino apo mazera paanopfuura, zvinobva zvazarurwa kwavari.

152 Iye zvino tave munguva chaiyo yekuguma, nokudaro tanyatsosvika kumagumo enyika. Tasvika kumagumo enhoroondo yenyika. Zvino svondo rino risati rapera, uye Mwari ainesu, achitibatsira, ticharatidza kuti tiri pamagumo emazera ekereke. Tiri muFiradher-. . . kana kuti Zera reKereke yeRaodhikia, magumo emazera ose. Tave kumagumo ezvematongerwo enyika. Tave kumagumo e—enyika sezvairi. Tave kumagumo ezvinhu zvose. Tave kumagumo ezvinhu zvose zvakasikwa, tagadzirira kupinda.

153 Ndichiuya pane rimwe zuva, ndinotenda kuti ndaienda kuShreveport, kana kuti kuuya kune imwe nzvimbo. Ndakatarisa. Ndikati, "Miti iri kufa. Uswa uri kufa. Maruva ari kufa. Ini ndiri kufa. Nyika iri kufa. Zvinhu zvose zviri kufa. Zvinhu zvose zviri munyika ino zviri kufa." Tigere muno mangwanani ano, tiri kufa.

154 Zvirokwazvo pane nyika kune imwe nzvimbo, uko zvinhu zvose hazvife. Kana paine imwe kunofa zvinhu zvose, kunofanira kuva kuine imwe uko zvinhu zvose zvinorarama. Ndizvo zvatiri kushuvira, kusvika kune nzvimbo iyo pane. . . miti inogara isingafe. O, uko zvinhu zvose hazvifi uye zvimire mu—mukubwinya kwaMwari.

155 Iye zvino, zvino, mavhesi matatu okutanga atava nawo zvino, tichiisa hwaro. Rokutanga, "Chizaruro chaJesu Kristu." Rechipiri, "Chakapiwa kuna Johane nemutumwa." Zvino retatu, nderokuti, "Akaropafadzwa, chiropafadzo kune avo vanoverenga, uye," kana usingagoni kuverenga, "akaropafadzwa uyo anonzwa." Haukwanise kuverenga? UnongoRinzwa. Ndizvo zvoga. "Akaropafadzwa uyo anoverenga, uye," kana usingagoni kuverenga, "akaropafadzwa uyo anonzwa, nokuti nguva yave pedyo."

156 Iye zvino, fungidzirai zvinorehwa nezvitevedzwa izvi, ndezvekuti, Johane, munyori uko, achingunozvinyora, akanga. . . *Uyu* ndiJohane pano, ari kungoti "maropafadzo" nezvimwe zvakadaro. Zvino, zvandinofunga kuti zvazvaiva, muTestamende Yakare, muprisita aisumuka mangwanani overenga maGwaro. Ungano yaiteerera. Vazhinji havaigona kuverenga. Saka akati, "Akaropafadzwa uyo anoverenga, neuyo anonzwa." Maona? Muverengi uye nemunzwi; uyo anoverenga, nekunzwa, akaropafadzwa. Saka kana ukangogara uchizviteerera, wakaropafadzwa. "Akaropafadzwa uyo anoverenga, uye neuyo anonzwa, nokuti nguva yave pedyo."

157 Zvino, kubva pa4 kusvika pa6 ikwaziso kuKereke. Iye zvino tinoda kutora yechina neyenhanhatu.

158 Zvino, tisati taendapo, ndinoda kuti munhu wose agoedza kufungisisa zvino. Chinombori Chii zvino? Chizaruro chaJesu Kristu, apo Mwari akabvisa chifukidzo panguva. *Hepanoi* iyi nguva, iyo isina kuonekwa naJesu paAiva pano panyika, mazera ekereke, izvo zvaizoitika. Saka, Mwari akabvisa chifukidzo, akachifukura, ndokutendera Johane kuti atarise mukatimo uye kuti agoona kuti zera roga-roga rekereke raizoitei, ndokuzvinyora mubhuku ndokuzvitumira kumakereke manomwe.

159 Chinombori chii? Kristu achizarurwa mumazuva ekubata kwaKe—kwaKe. Rizere nezviitiko, iro Bhuku. Uye iBhuku re—rechiporofita rakapiwa naKristu, Mwari akaripa kwatiri kubudikidza nemutumwa waKe, rakanyorwa naJohane. Uye chiropafadzo kune wose anoRiverenga kana anoRinzwa richiverengwa, nokuti—nokuti nguva yave pedyo kana izvi zvose zvazadzikiswa.

160 Tave nemamiriro akanaka zvino. Uye rangarirai, tiri kuchengeta Kereke mupfungwa yedu. Kune rimwe divi, Kereke yakatanga; kune rimwewo divi, kereke inoguma. Mune zvakawanda imomo, Muvhuro manheru, paticharova mazera ekereke.

> *Johane kukereke nomwe dziri paAsia: Nyasha ngadzive nemi, norugare, zvinobva kuna iye uripo,. . . wakanga aripo, nouchazovapo; nokunoMweya minomwe iri pamberi pechigaro choushe.*

161 Zvino tave kupinda muzvikamu zvakavanzika uye zvakadzika zvemifananidzo. Zviri kutaurwa kumakereke manomwe ari muAsia Minor. Vaiva ne—vaiva ne. . .Ma—mazera, panguva iyoyo, aizouya munguva iri mberi. Akaakwidziridza ne—nekuarumbidza nokuda kwemabasa awo uye nezvavakanga vaita. Asi, iye zvino, zviri kutaurwa kumakereke, makereke manomwe ari muAsia Minor.

162 Zvino, Asia Minor yakanga isiri iyo Asia yose, nyika huru yose yeAsia. Yaingova chikamu chiduku. Vanoti ivo, inzvimbo yakakura sedunhu rePennsylvania, munoona, kana zvimwe zvakadaro, kana Indiana; ingori nzvimbo duku kwaiva nemakereke manomwe aya. Kwaiva namakereke anodarika aya panguva iyoyi. Uye, asi, zvakaratidza hunhu hwaiva madziri. Zvino ndiri kuverenga pano zvandakawana pakuverenga kwangu kubva munhoroondo yawo.

163 "Uye ndiye. . .Akatukwa uyo anonzwa uye, kana, asingazoteereri kwaZviri."

164 Uye—uye iye zvino, zvinodzika kusvika munguva yevhesi iri rechina patiri kuda kutsanangura chimwe chinhu pano. "Kubva kune Uyo wakanga aripo, uye aripo, uye achazouya, uye

ane Mweya minomwe; kubva kuMweya minomwe iri pamberi pechigaro chaKe chokutonga." Zvino, "Mweya," tichasvika kwairi munguva inotevera.

165 Zvino, pano zvinoratidza, kana mukacherechedza i—imomo. Uye zvakare muvhesi rechinomwe, kana vhesi rechisere, Anouya zvakare achiti, achiratidzazve. Zvino cherechedzai. Makereke manomwe anotaurwa nezvawo. "Kubva kune Uyo aripo, wakanga aripo, uye achazovapo. Wakanga aripo, pane imwe nguva; aripo; uye achazouya." Zvino, Anoratidza pano kupetwa kwaKe kutatu, kupetwa kwaKe kutatu kwekuratidzwa kwebasa raKe.

166 Zvino ukatora vhesi 8. Tichaenda kwariri, mukati meminiti. Tichatora vhesi 8.

> *Ndini Arfa naOmega,* mavambo nemagumo*, ndizvo zvinoreva Ishe, aripo, . . . wakanga aripo, nouchazovapo, Wamasimba ose.*

167 Zvino takabata vhesi 4 nevhesi 6 patiri kuaona, ose ari maviri akafanana. Rimwe, Anoti, "Kuna Iye wakanga aripo, aripo, uchazovapo." Chii chaAri kuedza kuisa pamberi peKereke? Humwari hwaKe. Nhasi, vanhu vanoedza kumuita mu—muporofita. Anodarika muporofita. Uye vamwe vanhu vanoedza kuMuita vanaMwari vatatu. HaAsi vanaMwari vatatu. NdiMwari mumwe chete akararama mumahofisi matatu, kuratidzwa kutatu kwaMwari mumwe chete.

168 Zvino, rangarirai, ichi ndicho Chizaruro, "Zvino ani naani anochinzwa uye ogorega kuchengetedza mashoko ebhuku iri, chikamu chake chichabviswa kubva mubhuku reupenyu." Jesu haasi kuZvizarura savanaMwari vatatu, asi saMwari mumwe chete nemahofisi matatu. O! zvichange zvakapfuma mushure mechinguva, kana tichinge tapinda mumazera aya ekereke uye tozoona pavakarasikirwa nazvo. Zvakakonzera kupatsanurana kukuru paNicene Council. Vose vari vaviri vakaguma vatsauka zvakadzama.

169 Zvino vakaita chinhu chimwe chete mumazuva ano okupedzisira zvakare, sezvakaita pre-Nicene Council zvakare, nokuti pachava neimwezve. Izvirokwazvo sokumira kwandakaita pano, maKatorike nemakereke emaProtestanti vachabatana pamwe chete, kana kuti vachawirirana mumwe nomumwe. Tarirai mubhishopi mukuru weCanterbury ari uko zvino. Kuungana kwavo chaiko pamwe chete. Uye hamuna dzidziso yevanaMwari vatatu muBhaibheri. Kuna Mwari mumwe chete.

170 Zvino zvinozarurwa pano muBhuku reZvakazarurwa, kuitira kuti bumbiro rose remaGwaro rigoratidzwa pano, uye Kristu akaisa chisimbiso chaKe pariri. Izvi ndizvo. Kana ani akatapudza kana kupamhidzira kwariri, mumweyo achabviswa kubva muBhuku reUpenyu, pachake. Saka uya kune izvi

usina undini, uya kune izvi uine moyo wakazaruka nepfungwa yakazaruka.

171 Zvino, paNicene Council, vakasvika pasarudzo huru mbiri. Pane . . . O, vazhinji vavo muzuva iroro remadzibaba ekereke yenguva dzekutanga, vaiva nemaonero maviri akapesana zvikuru. Mamwe acho aiva aMwari muhutatu, vanotenda vanamwari vatatu. Zvino imwe yacho yaiva yaMwari mu—mumwe. Zvino vari vaviri vakavepo ndokubuda vakati twasu nenzira mbiri, s*ezvizvi*. Zvehutatu zvakava nzvimbo yavamwari vatatu mumunhu mumwe. Vehumwe vakava vanotenda mune mumwe, vakangotsauka sezvakaitawo vamwe. Saka vari vaviri vakaenda mukutsauka, asi imo *Muno* chaimo munozarura Chokwadi.

172 Jesu haaigona kuva Baba vaKe pachake. Kana hazvo, dai Aiva nababa vasiri Mweya Mutsvene, zvadaro Anobva ava mwana weupombwe. Uye kwete . . . Mweya Mutsvene ndiye wakabatisa mimba yaKe, zvino iYe akati Mwari aiva Baba vaKe. Saka Mweya Mutsvene naMwari . . . NdiMatewo 1:18. Kana . . . Mweya Mutsvene naMwari vanofanira kuva Munhu mumwe chete, kana kuti Aiva navanababa vaviri. Zvino Aidanwa kunzi *Emanueri*, zvinoreva kuti, "Mwari anesu." Aitaura, paAive pano panyika, kuti iYe naBaba vaive Mumwe.

173 Ndine maGwaro ose akanyorwa pano kuitira kuti muzowana, dai tanga tiine mubvunzo uyu—uyu, kana zvimwewo.

174 Zvino, paAkaratidzwa pano, mumahofisi akapetwa katatu ehunhu hwaKe, "Uyo wakavapo, Uyo aripo, Uyo uchazovapo, Samasimba," zvino, hapana vanaMwari vatatu ipapo; pana Mwari mumwe chete.

175 Zvino muNicene Council, kuita izvi, kuitira kuti vagoita izvi, vakatora zvohumwari hutatu, nokuti munyika yeRhoma vaiva navanamwari vakawanda. Vainamata kumadzitateguru avo vakafa. Ndine nhoroondo yacho ipo pano matinogona kuzvitora. Maona? Vainamata kune madzitateguru avo akafa. Ndicho chikonzero vaina Musande Cecilia, naMusande Marcus, namusande, musande, musande, musande, musande, musande.

176 Apo, muApostora Petro akati, "Hapana mumwe mumirariri pakati paMwari nemunhu, asi uyu Murume Kristu Jesu." Mumwe chete.

177 Vaifanirwa kuva namwari ari muhutatu. Nokudaro, vai—vaiva naJupiter, Mars, Venus. "Zvino zvakanga zvisina kunaka, kuzviisa zvose pana Mwari mumwe chete," saka vakazvitsemura, ndokuita kuti mahofisi aMwari akapetwa katatu agova ivo vanaMwari vatatu vakasiyana.

178 Asi Anotaura pachena pano, muna Zvakazarurwa, kuti Iye Ndiani. "Ndini Uyo aivapo, Uyo aripo, uye Uyo uchazovapo, Samasimba." TichaZvitora pano munguva shoma inotevera,

Akati, “Ndini Arfa naOmega,” A kusvika kuna Z, yose, arifabheti yechiGiriki. “Ruva remuMupata, Ruva reSharoni; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; Uyo aivapo, aripo, uye achazovapo; Mudzi neBukira raDhavhidha.” Iye ndiMwari, Mwari. “Ane-. . . ” Timotio Wokutanga 3:16, “Pasina kupesana, chakavanzika chohumwari chikuru: nokuti Mwari akaratidzwa munyama, akaonekwa naVatumwa, akatendwa panyika, akagamuchirwa Mukubwinya.” Mwari! Kwete munhu wechitatu kana muporofita, asi Mwari pachaKe, achiratidzwa muchimiro chemunhu. Zvino, ichi chizaruro, rangarirai.

179 Zvino, Mwari, pakutanga, akanga ari Jehovha mukuru aigara muShongwe yeMoto, yainge yakarembera pamusoro peIsraeri, ichivatungamira. Akanga ari Mwari, Mutumwa weSungano. Akadzika pagomo; gomo rose rikabatira Moto. Moto wairazvuka uchibva pagomo, ndokunyora Mitemo ine Gumi. Aidanwa kunzi “huBaba hwaMwari,” kuvana vaKe, rudzi rwaKe rwakasarudzwa rwevanhu, maJudha.

180 Zvino Mwari mumwe chete akazoratidzwa mumutumbi wakaberekwa nemhandara waAkasika mumimba dzaMaria, uye ndokurarama akava mutabhenakeri ndokutambanudza musasa wake, tingangoti, pakati pevanhu. Zvino Mwari mumwe chete iyeye akaitwa nyama akagara pakati pedu. Bhaibheri rakadaro. “Mwari aiva muna Kristu.” Mutumbi waiva Jesu. Jesu, “MaAri maigara huzaro hwehumwari mumutumbi.” Haukwanise kumuita vanhu vatatu, zvino. Haubhabhatidze kuna vanaMwari vatatu. Kuna Mwari mumwe chete. Maona? Mwari mumwe chete. Zvino, Mwari mumwe chete uyu akaitwa nyama.

Akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye ndinoenda kuna Mwari.”

181 Mushure mokunge Amboshaika panyika, kubudikidza nerufu, kuvigwa, nekumuka kwaKe, nekukwira kwake kudenga, Pauro akasangana naye munzira inodzika kuDhamasko, apo akanga achiri kunzi “Sauro.” Zvino inzwi rakauya, ndokuti, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?”

Akati, “Ndimi Aniko?”

Akati, “Ndini Jesu.”

182 Zvino Akanga ari Shongwe yeMoto, Chiedza chakapofomadza meso emuapostora. Akanga adzokera. Jesu mumwe cheteyo akanga adzokera kuna Mwari, Baba, zvakare. Ndicho chikonzero Akati pano, “Ndini Samasimba,” muchimiro chimwe chete chaAive asati aitwa nyama; pamwe nemutumbi waKe waAirarama mauri, wainzi Jesu, Murume watinoziva, Jesu.

183 Zvino, semi vanhu vazhinji vanodikanwa veoneness mabhabhatidziro amunoita mu, “Zita raJesu,” munokanganisa. Kune mazana avanaJesu pasi rose nhasi, asi kuna Ishe

Jesu Kristu mumwe chete. Akaberekwa ari Kristu. AnaJesu vakawanda. Ndakasangana nevazhinji vavo. Asi kuna Ishe Jesu Kristu mumwe chete, NdiMwari.

184 Zvino Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene haasi *mazita*. Madunhurirwa anopiwa kuZita rimwe chete. Vanobhabhatidza, "Muzita ra 'Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.'" *Baba* harisi zita, uye *Mwanakomana* harisi zita, ne*Mweya Mutsvene* harisi zita. Idunhurirwa, sezvakaita "munhu." Ndizvo zvauri, Mweya Mutsvene. Munhu . . . Kana, mweyawo zvawo, Mweya Mutsvene. Zvino vanozoti, "Muzita ra 'Baba.'" Tarirai kumadzibaba, nevanakomana vevanakomana venyu. Tarirai vanhu vari muno. Maona? "Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene" harisi zita. Idunhurirwa rinopiwa kuZita ra "Ishe Jesu Kristu."

185 Ndiyo nzira yaibhabhatidzwa nayo neKereke yechiapostora, pakutanga. Zvino ndingabvunza munhu upi zvake kuti abuditse chikamu chimwe chemaGwaro, kana nguva imwe munhoroondo, kuti munhu upi zvake haana kumbobhabhatidzwa muKereke yeChikristu neimwe nzira kunze kwemu . . . asi muZita ra "Jesu Kristu" kusvika pakazoumbwa kereke yeKatorike. Vakatora "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene" sechitendwa. Zvino uya nenhoroondo yako, vamwe, vadzidzi wenhoroondo. Hongu. Hakuna chinhu chakadaro. Mushure ma304 A.D., 304, ndokuuya rubhabhatidzo muhutatu rwaMwari ari muhutatu, "Mwari Baba, Mwari Mwanakomana, Mwari Mweya Mutsvene." Chihedheni.

186 Svondo rino risati rapera, ndichazviverenga kubva mumabhuku ndozokuratidzai neBhaibheri. Tiri kutaura mangwanani ano nezveChizaruro, nokuratidza pazvakauira, uye nematangiro azvakaita kuzovepo. Dzokera kuChokwadi, hama! Tiri muzuva rokupedzisira.

187 Mirai kusvika tatora kereke yeEfeso tofananidza neyeRaodhikia, zvino toona zvakaitika pakati padzo. Muchaona maverevedzero akaita chinhu ichi chichipinda. Kupinda muzera raRuther, zvikanzi, "Une zita rinoti 'unorarama,' asi wakafa." Iro inzwi racho rokuti *Sadhisi* rinoreva "kufa." Vakarasikirwa naro mumakore chiuru nemazana mashanu cheMazera eRima. Makereke ose akazvichengeta kusvika panguva iyoyi. Zvino pavakava neNicene Council muna 606, zvino ndipo pavakaparadza Zita iri ndokugadzira vanaMwari vatatu kubva paRiri.

188 Akati pano, "Ndini Uyo aivepo, uyo aripo, uye achazouya, Samasimba." Ichokwadi.

189 Aiva neHunhu hwakapetwa katatu ari pano panyika. Apo Aive panyika, aive Munhu ari muhutatu. Panyika, Aive Muporofita. Ariwo zvakare Kudenga, Muprisita. Zvino kana Odzoka panyika zvakare, Achange ari Mambo. Muporofita,

Muprisita, naMambo. Uyo aivepo, aripo, uye achazouya. "Uyo aivepo," aive Jesu, muporofita. "Uyo aivepo zvino," Muprisita, achipirisa zvepamweya, Muprisita Mukuru anogona kubatwa namanzwiro ohutera hwedu, oZvizarura pachena pamwe nokuratidza kuti Ari pakati pedu. Muporofita, Muprisita, naMambo, asi Mwari Mumwe.

190 PaAive pano panyika, Aive Muporofita, Shoko. "Chapupu chakatendeka," Bhaibheri rinoMudana saizvozvo, nechepamberi. Chapupu chakatendeka, muporofita. Aive Muprisita, uye apo. . . iYe Muprisita zvino, uye paAchauya, Achange ari Mambo.

191 Kana mukasvika, verengai Zvakazarurwa 15:3, munogona kuona muna Zvakazarurwa15:3. Ngatizarurei pano tigoona zvaA. . . kana Achazova Mambo, kana Ari Mambo paAnouya. Zvino tave kuenda kuna Zvakazarurwa, chitsauko 15 nevhesi re—rechitatu.

> Zvino vakaimba *rwiyo rwaMosesi muranda waMwari, norwiyo rweGwayana, vachiti, Ishe Mwari Wamasimba ose, mabasa enyu akakura anoshamisa;* imi *Mambo* wavatsvene*, nzira dzenyu dzakarurama ndedzazvokwadi.*

192 Aimbovei panyika? Muporofita. Ko vanhu vakaziva sei kuti aive Muporofita? Akaita chiratidzo chaMhesiya, icho chaiva Muporofita. O, Zita raShe ngarirumbidzwe! Ko vakatadza kuMuziva sei? Nokuti vaitarisira zvimwewo. Zvino Akaita chiratidzo chaMhesiya, uye havana kuchiteerera. Aiva Muporofita.

193 Mosesi akati, "Ishe Mwari wenyu achamutsa Muporofita wakafanana neni. Zvichaitika kuti kana vakasateerera Muporofita uyu, vachagurwa kubva pakati pevanhu."

194 Aiva Muporofita panyika, zvino, nokuti Aivei? "Chapupu cheShoko raMwari chakatendeka." Ameni. Uye Aive Shoko raMwari rakaratidzwa.

195 Mutsvene Johane, chitsauko chekutanga.

> *Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, Shoko rakanga riri Mwari.*
>
> Zvino *Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu,. . .*

196 Ndiye aive chapupu chakatendeka kuShoko raMwari remuna Zienda-nakuenda. Iye aive Shoko, aive Shoko raMwari. Zvino, nokuti aive Shoko, Aive Muporofita. Nokuti Shoko raMwari raiyerera nemaAri. Aizongotaura Chinhu choga. "Hapana chandinogona kuita Ini pachangu, asi zvandinoratidzwa naBaba kuti ndiite. HaNdini ndinoita mabasa. Asi Baba vanogara maNdiri, ndiVo vanoita mabasa. Ini

naBaba vangu tiri chinhu Chimwe. Baba vangu vari maNdiri," akadaro Jesu, Munhu, Tabhenakire.

197 Mwari ane madunhurirwa akawanda: Jehovha, Jehovha-Jire, -Rafa, -Manase. O, akawanda! Ane mazita manomwe anoreva zvakapetwa, erudzikinuro. Ane madunhurirwa akawanda: Ruva reSharoni, Ruva remuMupata, Nyeredzi yeMangwanani; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Ose aya. Asi Ane Zita rimwe chete remunhu. Mwari aingova neZita rimwe, iro raiva "Ishe Jesu Kristu."

198 PaAkazvarwa, Kristu, Ishe. Mazuva masere akatevera, Mweya Mutsvene wakadana Zita raKe kuti "Jesu." Amai vaKe vakaita kuti adzingiswe, ndokuMudana kuti "Jesu." Akaberekwa ari Kristu.

199 Sezvazvakaita kuti, ini ndakaberekwa ndiri wekwaBranham. Ndaive wekwaBranham musi wandaberekwa, ndikazopiwa zita rokuti "William."

200 Ameni. Zvino Akaberekwa ari Kristu, Muponesi. Zvino paakange ave nemazuva masere okubarwa, akazopiwa Zita rokuti "Jesu." Uye Aive Ishe weKubwinya, akaratidzwa. Saka, Ndiye Ishe Jesu Kristu, Mwari weKubwinya akaratidzwa pakati pedu. O, heunoi Uyo!

201 Panyika, aiva Muporofita. MuKubwinya, Ndiye Muprisita. Achizouya, NdiMambo. O! Ndinozvifarira.

Muporofita, "Chapupu cheShoko chakatendeka."

Muprisita, "Aine Ropa raKe pamberi paMwari."

Mambo, "Mambo wavatsvene." Kwete Mambo wenyika, zvino. NdiMambo wavatsvene. Tine madzimambo epanyika vari pamusoro pevanhu. Asi isu tina Mambowo, zvakare, pamwe neHumambo. Ndicho chikonzero tichizvibata zvakasiyana.

202 Sezvandakambotaura munguva shoma yapfuura, nezvemudzimai wangu, takanga tiri kuenda kuchitoro kumusoro kuno zvino tikaona chishamiso, potsepotse. Yakanga iri nguva yezhizha, mudzimai akanga akapfeka dhirezi. Zvino ndakati, "Chinhu chinoshamisa." Ndikati, "Dai ndanga ndiine kamera, ndaitora mudzimai uyu mufananidzo." Maona? Nokuti isu. . . Ndiye aiva mudzimai wokutanga watakaona akapfeka sketi, munoziva, akapfeka sezvinofanira kuitwa nemudzimai, madzimai ose.

203 Akati, "Saka, sei zvakadaro, Bill, kuti vanhu vedu vanopfeka, zvinoreva here kuti tino—tinorairwa?"

204 Ndakati, "Havasi vanhu vedu. Vanhu vaMwari. Vanhu vaMwari, vanoda hutsvene."

Akati, "Saka, havaendi here kuchechi?"

205 Ndikati, "Pane mudzimai atori *apo*, anoimba mukwaya mune imwe kereke kuno."

"Saka, ko, sei zvakadaro?"

206 Ndikati, "Nokuti haana kudzidziswa zvakasiyana." Ndizvo chaizvo.

207 Heyo iyo kereke iya yapanyama, yatichapinda mairi svondo rino; Kereke yemweya, kereke yapanyama. Ose zvishoma nezvishoma ari kudzokera kukereke yakaabara, Bhaibheri sezvarakati, muna Zvakazarurwa 17, kuti achazviita. Ari kudzokera iko zvino, ose zvawo, achiita saizvozvo, achiita sangano. "Saka, tiri *zvakati*. . .Tinoronga sangano. Tiri *zvakati* uye tiri *zvakati*." Zvakanga zvisina kudaro pakutanga. Kutora simba rose kubva mukereke richiiswa pamubhishopi kana papa. Mwari ari muKereke yaKe, pakati pevanhu vaKe, achizviratidza nemuvatendi nekwese-kwese, zvino. Asi muzuva rino . . .

Akati, "Saka, hatisi vomuAmerica here?"

208 Ndikati, "Kwete. Tinogara muno, asi hatisi vomuAmerica. Tiri Makristu. Humambo hwedu ndewe Kumusoro."

209 Kana hupenyu hwedu huchibva kumusoro Uko, zvino tinoitawo saizvozvo. Nokuti, tinobva. . .Hupenyu hwedu hunobva kune Nzvimbo tsvene. Hunoratidzika zvakasiyana. Hunopfeka zvakasiyana. Madzimai ari kumusoro Uko ane vhudzi refu. Uye havazore pendi pazviso zvavo. Uye—uye havapfeki zvikabudura. Vano—vanopfeka masketi, nemagemenzi marefu nemadhirezi. Uye vane vhudzi refu, nezvimwe. Saka hu—hunhu hwacho, hunobva kumusoro Uko, hunozviratidza nematiri.

210 Varume vacho havaputе fodya, kutsenga fodya, kunyepa, kuba. Vanobva, Mweya yavo, inobva kune Nzvimbo tsvene, inovaita kuti vaite zvohutsvene, nokucherechedzana sehama. Uh-huh. Ndizvozvo.

211 Tiri vehumwe Humambo, uye tina Mambo. Zvino Ndiye Mambo wavatsvene. Zvino izwi rokuti *mutsvene* rakabva paizwi rokuti "vakacheneswa." Zvino kana munhu acheneswa, Kristu, Mweya Mutsvene unopinda mumoyo wobva wava Mambo pamusoro pavo. O, ini zvangu! Izvi zvinofanira kusvika kumba. O! Kana mudziyo waMwari wakacheneswa. . . Kristu, Mambo, Mweya Mutsvene, anopinda. Zvino iYe. . . Mambo ane nyika yaKe yehutongi. Ameni. Zvino zvose zvauri zvinotongwa naMambo wavatsvene. Humambo! Humambo hwose huri panyika huchazunguzwa, huchaparadzirwa pasi nesimba reatomiki. Asi Bhaibheri rinoti, "Tinogamuchira Humambo husingazungunutswi." Ameni. Heunoi Uyo, Mambo wavatsvene.

212 Ndinoda kuti imi mucherechedze mifananidzo yaKristu, zvakare, muBhaibheri nepano panyika. Panyika, Aive Muporofita. Munozvitenda here izvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Muporofita iShoko. Tinozviziva. Izwi rokuti *muporofita* rinoreva kuti "mududziri weShoko wekudenga."

Shoko rokudenga rakanyorwa, zvino muporofita ane Mweya wekudenga waMwari maari. Uye, munoziva, muporofita muTestamende Yakare ainzi "mwari." Vangani vanga vari kuzviziva?

213 Jesu akati, "Kana vakavaidza vamwari. . . Hazvina kunyorwa here mumurawo wenyu, ndizvo zvavari, 'Muri vamwari'? Zvino kana vakavaidza 'vamwari,' avo Shoko raMwari rakauya kwavari, muporofita, ko mungandipomera sei Ini kana ndichiti Ndiri Mwanakomana waMwari?"

214 Nokuti, aidanwa kunzi "mwari," nokuti maari ainge akatakura Shoko raMwari, ZVANZI NAJEHOVHA. Nokudaro, inzwi rokuti *muporofita* rinoreva kuti, "dudziro yake—yake haifanire kusanganiswa." Maona? Kana Mwari. . . Anoti, "Kana paine mumwe pakati penyu, ari womweya, kana muporofita, Ini Jehovha ndichataura naye. Zvaanotaura zvikaitika, zvadaro munzwei, nokuti ndinaye. Asi kana zvikasaitika, zvadaro musamunzwe; handina kumutuma." Ndiwo maziviro amunozviita. Zvadaro, munoona, dudziro yeShoko yekudenda inofanira kuuyirana nechizaruro chino chokupedzisira kukereke.

215 Iye ndiMwari, Samasimba. Panyika, Aive Muporofita, chinova chapungu. Vangani vanoziva kuti muporofita anocherechedzwa sechapungu? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

216 Chapungu ndiyo shiri yakasimba kudarika dzose dzatinadzo, chine simba kudarika dzose. Mamwe mapapiro azvo anotambanuka kusvika mafiti gumi nemana, kubva panoperera rimwe kusvika panoperera rimwe. Chinogona kusimuka chobhururukira mudenga-denga zvokuti kana imwe shiri ikada kuedza kuchitevera, inopamuka kuita zvidimbu-zvidimbu, inowunduka minhenga yobva yapamuka. Nokuti sei? Chakagadzirwa zvemhando yepamusoro-soro. Zvino zvingachibatsirei kuti chigokwira kudenga kwakadaro kana chisingagoni kuona zvachiri kuita pachinenge chiri kudenga ikoko? Ungataure zveziso rerukodzi? Unofanira kuona ziso rechapungu.

217 Rukodzi runogona, rungangoona huku. Ndizvozvo. Ndiro dambudziko rine mamwe marukodzi aya nhasi. Uh-huh. Asi, ndinokutaurirai, chapungu chinoenda kwekuti, rukodzi rukaedza kutevera, runofa. Runotadza kufema. Harukwanise kusvika munharaunda dzemuchadenga kunosvikwa nechapungu.

218 Uyezve chine ziso, zvokuti chinogona kuona zviri kure, kana chave kudenga ikoko. Nokudaro ndicho chikonzero Mwari akadana *vaporofita* vaKe, "zvapungu." Anokwira kumusoro ikoko, uye ichapungu. Anogona kuona, zviri kure-kure.

219 Zvino Kristu, panyika, aive Chapungu. PaAkafa, aiva Muprisita, saka izvozvo zvakaMuita kuti ave Gwai. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ndizvozvo."—Mupepeti.] Zvino paanodzokazve, NdiMambo, nokudaro Achange ari Shumba, ameni, Shumba yerudzi rwaJudha. Amen. Iye iChapungu, Gwayana, neShumba; ameni; Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene; Muporofita, Muprisita, naMambo; Uyo aivapo, aripo, uye achazouya; Samasimba; Arfa naOmega, kubva pamavambo kusvika kumagumo, Mwari wemuna Zienda nakuenda.

220 Ndinoda kukubvunzai, vamwe venyu vanhu vanokosha veKatorike, vanoti ivo, "Humwanakomana hwaMwari hwemuna Zienda nakuenda; Mwari, humwanakomana hwemuna Zienda nakuenda hwaKristu muna Mwari." Ko ungataure sei izwi rakadaro? Ini ndiri dununu, ndakadzidza kusvika grade 7, asi ndinoziva zviri nani kudarika izvozvo. Izwi rokuti mwanakomana anofanira kuva nemavambo. Saka Angagova wemuna Zienda nakuenda sei Iye ari mwanakomana? Zienda nakuenda harina mavambo kana magumo. Saka, haakwanise kuva mwanakomana, mwanakomana wemuna Zienda nakuenda, uyezve ova nemavambo, nokuti hakuna chinhu chinonzi mwanakomana womuna Zienda nakuenda. Mwanakomana akava nemavambo, nokudaro haakwanise kuve wemuna Zienda nakuenda.

221 Muri kuona, Ndiye Mwari wemuna Zienda nakuenda, kwete mwanakomana wemuna Zienda nakuenda. Girori! Samasimba, Jehovha-jire, Jehovha-rafa, akaratidzwa munyama, "MaAri maigara huzaro weHumwari mumutumbi."

222 Uye nezuva rePentecosti, apo Shongwe yeMoto yakaburukira pamusoro pevanhu, makacherechedza here, Yakazvipatsanura? Zvino marimi emoto akamhara pane mumwe nomumwe wavo. Moto, sendimi, wakagara pane mumwe nomumwe. Mwari ainge ari kuitei? Achizvipatsanura muKereke, pakati pemumwe nomumwe, achipa madzimai, varume, uye navose; zvaiva zvidimbu zveMweya waKe, Achizvigovanisa pakati peKereke yaKe.

223 Ko munhu angauya sei achiti, "Murume mutsvene ndipapa. Murume mutsvene ndibhishopi"? Murume Mutsvene ndiKristu, Mweya Mutsvene matiri. Ko ungati here vatendi havana shoko rekutaura? Mumwe nomumwe wenyu ane chinhu chokutaura. Mumwe nomumwe wenyu ane basa rokuita. Mumwe nomumwe wenyu anofanirwa kutakura Mharidzo. Girori!

224 Mweya Mutsvene wakaZvipatsanura neZuva rePentecosti. Mwari, achiZvipatsanura. "Nezuva iroro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri; Ini ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri."

225 "Zuva iroro," Mweya Mutsvene, "pamusoro pavose, nemuna vose, nekubudikidza navose." Amen. Hezvinoi izvo. Mweya

Mutsvene une kodzero yokuenda kwose kwaUnoda, pana chero ani waUngada. Hausungirwi kutora zvinotaurwa nomumwe mubhishopi kana muprisita. Ndiye oga muPrisita wedu, ndizvo, Muprisita Mukuru. Zvino: Muporofita, Muprisita, naMambo.

226 Zvino:

> *Zvino . . . Jesu Kristu,* uyo ari *chapupu chakatendeka, . . . dangwe kuvakafa,* . . . (Tichapinda mazviri.) . . . nemuchinda *wamadzishe enyika. Kuna iye* akatida, nokutishamba *pazvivi zvedu neropa rake,*

227 Inzwi iro rokuti *kushambwa*, chaizvoizvo, muchiGiriki, rinoreva kuti "kusunungura." Akatisunungura kubva . . . Taive takasungirirwa kunyika, nezvivi zvedu. Takanga tisingagoni kuona, tisingagoni kunzwa, tisina kana fungidziro yezvakaita Denga kana zvachose. Asi ropa parakadzika pasi, Rakacheka tambo tikasunungurwa. O!

228 Ndakamboverenga imwe nyaya pane imwe nguva, yaka . . . inogona kukwana zvakanaka pano. Mumwe murimi akabata gunguwo ndokurisungirira. Zvino ndokuti, "Ndichadzidzisa mamwe makunguwo chidzidzo." Saka akasungirira gunguwo iri, nepagumbo, netambo, zvino chinhu ichi chainzwisa urombo chakapotsa chafa nenzara. Rakanga zvino risisina kana nesimba, richinetseka kufamba-famba.

229 Ndizvo zviri, mamwe masangano nemakereke, akasungirira vanhu pasi. "Hazvitombogoneki! Saka, *apa* ndipo poga pamunogona kusvika. Mazuva ezvishamiso akapfuura." Yeah. Wakangosungirirwa bedzi. Ndizvo zvoga. "Hakuna chinhu chinonzi Mweya Mutvsene. Hauchataura nendimi sezvaWaimboita."

230 NdiMwari. "Anongori mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi," VaHebheru 13:8, achirarama mumakereke ose. Tichasvika kwazviri mushure mechimiro chemangwanani. Maona? Iye ndiMwari, anorarama muzera roga-roga rekereke. Achararama muzera roga-roga rekereke, uye achagara muvanhu vaKe se . . . muna Ziendanakuenda. Nokuti tine iye zvino, matiri, Hupenyu Husingaperi.

231 Zvino, sangano iri rakanga ramusungirira pasi, munoona, "Zvakanaka, mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chinonzi kupodza kwaMwari." Muchinda uyu anonzwisa urombo akanga achingomhemhaira kusvikira ava murombo zvokusakwanisa kufamba.

232 Zvino rimwe zuva mumwe murume akanaka akapfuura nepo, zvino ndokuti, "Unoziva, gunguwo iri rinonzwisa urombo, ndiri kurinzwira urombo. Zvisinei hazvo, rinogona kunge ranga riri kutsvaka gorosi raro, asi ndiyo nzira yoga yarinorarama nayo. Rinofanira kuti riwane chimwe chinhu chokudya. Saka hapana musiyano waraiziva, rinongoriwo kunze uko richitora

gorosi. Saka kana . . . ” Zvino akatora rake . . . zvino akatora banga rake ndokucheka achisunungura gunguwo.

233 Uye unoziva, hepanoi pakauya mamwe makunguwo, akasvikapo, ndokuti, “Uya hande, Johnny Gunguwo. Ngatiendei kuchamhembe. Chando chiri kuuya.”

234 Munomboziveiko? Gunguwo iri raingoenda bedzi kwaraingogona kusvika kunze uko. Rakati, “Handikwanise kuzviita. Hazvisi, hazvitombori zvedu muzuva rino. Ha—hatikwanise kuzviita.” Maona? Rakanga rasungirirwa kwenguva yakareba, kusvikira rakafunga kuti richakasungirirwa. Maona?

235 Zvino ndizvo zvakaita vanhu vazhinji, makasungirirwa pasi nezvitendwa pamwe nemasangano, kubva kuna amai chipfeve shure uko, vachikuudzai, kuti, “Jesu Kristu haasi mumwe cheteye. Uye hakuna chinhu chinonzi kupodzwa. Hakuna rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Hakuna zvinhu zvakadaro.” Vachiedza kukutaurirai nezvazvo. Makasungirirwa kwenguva yakareba kusvikira muchiri kufunga kuti makasungirirwa.

236 Munhu akanaka, Kristu, Akapa Ropa raKe kuitira kuti Atishambe pamwe nokutisunungura kubva kuchivi chedu. Chivi chii? Ndinokumbirawo mumwe munhu kuti andiudze. Chivi chii? *Chivi* “kusatenda.” Ndizvozvo. “Uyo asingatendi akatotongwa kare.”

237 Zvino chivi chako ndicho chinhu chako choga chinokudzivisa kuti usave wakasununguka. Nokuda kwekuti Mwari akakusununguru kubva pakusatenda kwako, asi wakanyatsosungwa nezvitendwa kusvika uchiri kufunga kuti wakasungwa. Uri kungoziya nenzara, munoona, uchimhemhaira kwese-kwese, “Ndiri muPresbyteriani. Ndiri muMethodisti. Ndiri muBaptisti. Vanondiudza kuti (ndiri weChurch of Christ), ‘Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro.’”

238 Iwe gunguwo rinosiririsa riri kuziya nenzara! Wadii wauyawo mangwanani ano? Wadii wabhuruka uchienda? Hareruya! “Simuka pamapapiro amangwanani, ugobhururukira kuZuva reKururama, riine kupodzwa mumapapiro aKe.” Ameni. Ndizvozvo. Ndizvozvo, hama, hanzvadzi. O! “Uyo asunungurwa neMwanakomana, asununguka zvachose.” Hongu, changamire!

239 “Zvakanaka, mufundisi wangu . . . ” Hazvina basa izvozvo. Bhaibheri rakati, “Wakasununguka.” Ndizvozvo. Wakasununguka.

“Chechi yangu . . . ”

240 Saka, sunungurwa. “Akatishamba nekutisunungura kubva kumasangano edu, muRopa raKe Iye,” uye ndokutiita vakasununguka kuitira kuti tigozvifungira, uye nekuzvishandira, nekuzvitaurira, nekuzviitira.

241 “Saka, kana ndikadzokera ndikanoudza mufundisi kuti ndinofanira kubhabhatidzwazve, anobva . . . ”

242 Ko chii, “Wakasununguka”? Ichi chizaruro, unoziva. Zvakanaka. Wakasununguka.

243 Kana wakasaswa nekakasha kemunyu *sezvizvi*, muZita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” hechinoi chidziva chiri pano, chakatogadzirirwa mangwanani ano, chine mvura machiri. Waona? Hongu, changamire. Hazvina kunaka.

244 Saka, hauchisina kusungwa zvachose. Wakasununguka, asi zvichida hausi kuzviziva. Asi rega ndikutaurire mangwanani ano, Bhaibheri rakati, “Akatisunungura kubva kuzvivi zvedu, kusatenda kwedu, kuitira kuti tigogamuchira Chizaruro chaJesu Kristu.” Chienda, wakasununguka! . . . kufanirwa kutora zvinotaurwa nechechi ipi zvayo pamusoro paZvo. Tora zvakataurwa naMwari pamusoro paZvo. Hechinoi Chizaruro chaKe chichizarura kuri Iye ndiye Ani.

245 “Ndaigara ndichitenda kuti Mwari Baba vaiva nendebvu chena, dzakareba, nevhudzi jena; uye Mwanakomana aiva murume wemazera epakati nepakati; uye Mweya Mutsvene ndiye aiva mukomana aitumwa.” Hama, ichocho chihedheni. Chihedheni kana iwe uchitenda muna vanaMwari vatatu.

246 Murao wokutanga chaiwo, ndeupi Murao wokutanga? “Inzwa, O Israeri: Ndini JEHOVHA Mwari wako, Mwari mumwe.” Ndizvozvo.

247 NdiMwari mumwe chete, kwete vanamwari vatatu. Aigara mumahofisi matatu, akashumira munzvimbo nhatu. Iye Muporofita, Muprisita, naMambo. Iye iChapungu, Gwayana, ne—neShumba. Ndiye Ruva remuMupata, Ruva reSharoni, Ruva remuMupata, uye Nyeredzi yaMangwanani, Mudzi neBukira raDhavhidha. Ndiye kubva pana A kusvika pana Z. Ndiye Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Ndiye zvose izvozvo, asi Mumwe chete. NdiMwari mumwe chete. Ayo madunhurirwa aKe anoenderana naYe, asi kuna Mwari mumwe chete.

248 Hapana kana mumwe munhu, mupeji ripi zvaro reBhaibheri kana nhoroondo ipi zvayo, kusvikira pakereke yeKatorike, akambobhabhatidzwa achinyudzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.”

249 Kana ukandiratidza peji yacho kana chimwewo, chinyore, wochiisa pamusoro pano kwandiri, manheru ano, zvino ndinobva ndabuda muchechi ino, ndichiti, “Ndiri munyengeri; ndakadzidzisa vanhu zvisiri izvo.” Kana ukandiratidza chikamu chimwe cheGwaro, kana kundiunzira nhoroondo imwe, nhoroondo yechokwadi, ichandiratidza kuti apo vanhu vakambobhabhatidzwa, muBhaibheri, muZita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Kana kuti, ndiunzire rimwe chete Gwar- . . . kana, bhuku rimwe renhoroondo, peji imwe, chinokorwa chimwe kubva munhoroondo, apo mumwe munhu

akambobhabhatidzwa muzita ra "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene," kusvikira paNicene Council yekereke yeKatorike. Uya, ndiunzire; zvino ndichanamatidza chikwangwari kumusana kwangu ndogofamba nemuJeffersonville, zvino iwe uri kumashure uine bhero remota, uchiriridza. Ndichanyorapo, "Muporofita wenhema, ari kutsautsa vanhu."

250 Uye, mufundisi, kana uri muno mangwanani ano, unozviitawo, unofanira kundirega kuti ndigozviita kwauri. Maona? Uya, ndiratidze. Asi munotya.

251 Zvino, ichi chii? *Ichi* ndicho Chizaruro. *Ichi* ndicho Chizaruro. Zvino uyu Mweya Mutsvene, Kristu, ari kutumira Mharidzo yaKe kumachechi. Inzwei. Inzwei. Ndizvo zvinodzidziswa neBhaibheri.

252 Yakapinda nepapi? Kana mukasangogumbuka, mobva maenda, nemukati mesvondo, imi—imi torai Nicene Councils. Torai *Two Babylons* yaHislop. Torai . . .

253 Zvino, nhoroondo yaJosephus yakanaka, asi akangonyora ndima imwe nezvaKristu, akati, "Paiva nemurume ainzi Jesu uyo wakamhanya-mhanya nenyika, achipodza vanhu. Zvino—zvino akafa, haana kana, kwete, Pirato akamuuraya, uye—uye, kana Herudhe, kana kuti akamuuraya. Zvino vadzidzi vakaenda vakanoba mutumbi wake, ndokuuviga. Uyezve usiku hwoga-hwoga vaienda vachinocheka chidimbu kubvapo vochidya." Akati, "Vaiva vanodya vanhu." Saka, vainge vari kutora chirairo, munoona. Pfungwa yenyama! Josephus haasi wekuteerera.

254 Asi tora *Foxe's Book Of Martyrs*. Iro rakanaka nderechokwadi. *Foxe's Book Of Martyrs*, vangani vakamboriverenga? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvirokwazvo. *Early Ages* yaPember, kana kuti—kana kuti *Two Babylons* yaHislop, kana—kana imwe huru yechokwadi. Kana kuti, hu—hurusa yatinayo iNicene Council, pre-Nicene Council neNicene Council. Zvino unozoona imomo, kuti hazvina kumbotaurwa nezvazvo, hapana vanhu.

255 Tora maGwaro Matsvene ugoona kana pakambova nomumwe munhu muBhaibheri akambobhabhatidzwa, kuchishandiswa ayo madunhurirwa, zita "Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene." Zvinoreva vanaMwari vatatu. Ndezve manamatiro echihedheni. Zvino ChiKatorike hachisi chimwe chinhu munyika kunze kweChikristu chemhando ye—yechihedheni. Zvino kubva mukereke yeKatorike kwakauya Marteni Ruther, Johane Whisiri, Baptisti, Presbyteriani, nevamwewo.

256 Asi mumazuva okupedzisira pane musiwo wakaiswa pakatipo, wakazarura Chokwadi zvakare, kuti, "Bhaibheri rakadaro," uye muporofita mukuru uyo akanga ari kuzouya panyika mumazuva okupedzisira. Tinotenda ari kuuya. Tarirai. Uye achava neKereke. Zvino, tichaona izvi, zvino.

257 Zvino, rangarirai, ichi ndicho Chizaruro. Haukwanise kutapudza kubva paChiri. Zvino, kupikiswa kwakadini! Wana munhu mumwe chete muBhaibheri, nzvimbo imwe chete pavakambobhabhatidza mumwe munhu muzita ra "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene," kana pavakambosasa mumwe munhu, pawane muBhaibheri, kuti varegererwe zvivi zvavo. Havana. Zvino munhu wose, zvisinei kuti akambobhabhatidzwa sei, akatozouya kuti abhabhatidzwe, zvakare, muZita ra "Jesu Kristu," kuti awane Mweya Mutsvene.

258 Mabasa 19, "Pauro akapfuura nemumatunhu ekumusoro eEfeso, ndokuwana vamwe vadzidzi." Akati, "Vadzidzi." Vainge vaine musangano mukuru. Vaive vari kutevera mumwe murume ainzi Aporo, uyo aive gweta rakatendeuka; muBaptisti aitenda muna Johane Mubhabhatidzi, uye achiratidza nemaGwaro kuti Jesu ndiye aive Kristu.

259 Pauro akapfuura ndokuwana Akwira naPrisira, muchitsauko 18 cheMabasa. Zvino akaendako kunova nokudya kwamanheru, kana zvimwewo zvakadaro, naAkwira naPrisira. Vakamuudza pamusoro pemunhu mukuru uyu. Vakaenda kunomunzwa. Akateerera kwaari manheru iwayo. Akati, "Murume akanaka zvikuru. Zvakarurama zvikuru. Zvakanaka. Asi," ndokuti, "makagamuchira here Mweya Mutsvene kubva makatenda?"

260 Ko imi maBaptisti munonzwisa urombo seri uko, munotenda kuti makagamuchira Mweya Mutsvene *pa*munotenda?

Akati, "Makagamuchira here Mweya Mutsvene *kubvira* makatenda?"

Mumwe munhu akati, "Hazvina kunyorwa imomo."

261 Ndinozviramba izvozvo. Ndine Giriki yechokwadi ipo pano, nechiHebheruwo, zvakare. Bhaibheri rinoti muchiGiriki, uye ose, nechiHebheru, uye pamwe nechiAramaic. Mune ose ari matatu, ndinawo ipo pano, akati, "Makagamuchira here Mweya Mutsvene *kubvira* makatenda?" Ndizvozvo. "Makagamuchira here Mweya Mutsvene kubvira makatenda?"

262 Zvino, akati, "Hatitombozivi kuti kune Mweya Mutsvene."

Zvino iye ndokuti, "Ko makabhabhatidzwa norubhabhatidzo rwupiko?"

263 Vakati, "Takatobhabhatidzwa kare nemurume akabhabhatidza Ishe Jesu Kristu. Takabhabhatidzwa norubabhatidzo rwaJohane," pagomba rimwe chete remvura, zvichida, "murume mumwe chete."

264 Pauro akati, "Izvozvo hazvishandi. Akangobhabhatidza norubhabhatidzo rwokutendeuka, kwete rwokuregererwa kwezvivi."

265 Zvino, vamwe venyu imi vanhu veOneness munouya mo—mobhabhatidza saizvozvi, zvisiri izvo. Munobhabhatidza

kudaro, kuitira ruponiso. Mvura haiponese munhu; iRopa, kutendeuka. Kwete norubhabhatidzo rwokuberekwa patsva. Kwete, changamire. Kuberekwa patsva kunouya noMweya. Rubhabhatidzo ku—kuratidzwa kuri kunze kwebasa romukati rekubarwa patsva rakaitwa. Maona? Zvakanaka. Cherechedzai.

266 Akati, "Makagamuchira here Mweya Mutsvene kubvira makatenda?" Vakati . . .

Akati, "Hatitombozivi kuti kune Mweya Mutsvene."

Akati, "Makabhabhatidzwa sei?"

Ndokuti, "Takabhabhatidzwa norubhabhatidzo rwaJohane."

267 Akati, "Zvirokwazvo Johane akabhabhatidza norubhabhatidzo rwokutendeuka, rwokutendeuka, achiti 'munofanira kutenda maAri,' Gwayana, Chipiriso chaizouya, pana Ishe Jesu Kristu." Zvino pavakaZvinzwa, vakabhabhatidzwazve muZita raJesu Kristu. Zvino Pauro akaturika maoko pamusoro pavo vakagamuchira Mweya Mutsvene, vakataura nendimi pamwe nokuporofita.

268 Hamungandiudze kuti harisi Gwaro, uye ndiratidzei papi zvapo, kuti mumwe munhu akambobhabhatidzwa neimwe nzira muTestamende Itsva kunze kwemuZita raIshe Jesu Kristu. Ndiratidzei.

269 Mutsvene Agabho pamwe nevazhinji, paiva nevamwe, vakabhabhatidzwa zvichidzika kusvika panguva dze—dze—dzeNicene Council, uye mumwe nomumwe wavo akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Mamishinari vakarima minda neZita raJesu Kristu.

270 Asi pakauya Nicene Council, vaitofanira kuva navanamwari vatatu. Vakabvisa Pauro . . .kana kuti vakabvisa Jupita, ndokuisa Pauro. Vakabvisa Vhenasi, ndokuisa Maria. Vaiva nemhando dzakasiyana dzavanamwari, mhando dzakasiyana dzevatsvene nezvimwe zvose, ndokugadzira rubhabhatidzo rwemuhutatu ndokurwudyisa maProtestanti. Nazvino vachiri kungozvikabira.

271 Asi Zviedza zvenguva dzamadekwana zvauya zvino. Muporofita akati, "Kuchava neChiedza munguva dzamadekwana."

Kuchava—kuchava neChiedza munguva
dzemadekwana,
Nzira yemuKubwiya zvirokwazvo
muchaiwana;
Nemugwara remumvura, ndicho Chiedza
nhasi,
Wavigwa muZita raJesu rinokosha.

Vaduku nevakuru, tendeukai zvivi zvenyu zvose,
Mweya Mutsvene zviro kwazvo unopinda;
Zviedza zvamadekwana zvauya,
Mazvirokwazvo kuti Mwari naKristu Vamwe.

272 MunoZvitenda? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Petro akati, paZuva rePentecosti, "Izvi ngazvizivikanwe, kwamuri, imba yaIsraeri, kuti Mwari aita kuti Jesu mumwe chete iyeyu, Uyo wamakaroverera pamuchinjikwa, zvose Ishe naKristu;" ndima yegumi nenhanhatu yechitsauko chechipiri. Hongu. "Mwari vakaita kuti Jesu mumwe chete iyeyu, Uyo wamakaroverera pamuchinjikwa, zvose Ishe naKristu. Regai imba yose yaIsraeri izvizive, zvemazvirokwazvo."

273 Ndakataura nemuJudha nguva shoma yapfuura, kumusoro kuno kuHouse of David, akati, "Imi Vahedheni hamukwanise kucheka Mwari muzvidimbu zvitatu moMupa kumuJudha. Tinoziva zviri nani kudarika izvozvo."

274 Ndikati, "Ndizvozvo, Rabhi. Haticheki Mwari muzvidimbu zvitatu." Ndikati, "Unotenda here vaporofita?"

Akati, "Zvirokwazvo."

Ndikati, "Unotenda here Isaya 9:6?"

Akati, "Hongu."

Ndikati, "Muporofita aitaura nezvaani?"

"Mhesiya."

Ndikati, "Ko Mhesiya achava nehukama hwakadini naMwari?"

Akati, "Achange ari Mwari."

Ndikati, "Ndizvozvo." Amen.

Munoona, hezvo izvo. Munoona, haukwanise kuMucheka muzvidimbu zvitatu.

275 Kana imi mamishinari pano . . . Mumwe wavo ari kuenda uko kumaJudha, ndinotenda, murume uyu agere *pano*. Usamboedza kupa muJudha "Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene." Anokutaurira nokukasika, anoziva kwazvakabva, "KuNicene Council." Haamboteereri kune zvakadaro. Asi muite kuti aone apo Mwari paakaitwa nyama, uye iYe ndiye Mwari oga aripo. Mwari, akaitwa nyama ari muchimiro chemunhu ndokugara pakati pedu, kuti atichenese; agobvisa, kuitira kuti agouya ari muchimiro cheMweya Mutsvene. Mwari, Baba, Mweya Mutsvene, Munhu mumwe chete.

276 Bhaibheri rakati mu—mumadzinza aJesu Kristu, muchitsauko chokutanga chaMateo, Rakati, "Abrahama akabereka Isaka. Isaka akabereka Jakobho." Uye zvichidzika, ndokuti, zvino muna . . . Regai ndizviverenge, zvadaro iye zvino munobva maziva chaizvo zvandiri kutaura nezvazvo. Mateo,

chitsauko chokutanga. Zvino ticha . . . zvino ngatitangirei pandima yegumi nesere.

Zvino *kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai:* Apo . . . *Maria amai vake wakati anyengwa naJosefa, vasati vasongana, wakaonekwa ava nemimba* yo . . .

277 "'Mwari Baba'"? Zvakanyorwa kudaro here? [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti.] Akawanikwa aine Mwana waAni? ["'Mweya Mutsvene.'"] Mwe . . . [Chibenga patepi.] Ndaifunga kuti Mwari Baba ndiye baba vaKe? Saka, Mwari, Baba neMweya Mutsvene, Mweya mumwe chete, kana kuti Aiva navanababa vaviri.

Zvino Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu wakarurama, . . . asiri kudisisa *kumunyadzisa* pachena, *akafunga* . . . musiya *chinyararire.*

Zvino akati achirangarira izvozvo, tarira, mutumwa waShe akazviratidza kwaari pakurota, akati, Josefa, mwanakomana waDhavhidha, usatya . . . kutora Maria mukadzi wako: nokuti chakagamuchidzwa mukati make ndecho . . .

278 "'Mwari Baba'"? Huh? [Ungano inoti, "Kwete. 'Mweya Mutsvene.'"—Mupepeti.] "Mweya Mutsvene." Zvino ndiani aiva Baba vaJesu Kristu? ["Mweya Mutsvene."] Mweya Mutsvene. Chii iCho chiri mauri? ["Mweya Mutsvene."] Zvakanaka, ndiMwari, Baba, zvakare. HaAsi here? ["Amen."] Ichokwadi.

Iye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi JESU: . . .

279 *Heunoi* uyu Mwari Baba, *heunoi* uyu Mwari Mweya Mutsvene, uye *heunoi* uyu Mwari Mwanakomana, munoona, ndavanaMwari vatatu. Bhaibheri haritaure zvakadaro. Vaviri ava vanofanira kuva chinhu chimwe chete, kana kuti Aiva navanababa vaviri. Maona? Haakwanise kuva navanababa vaviri. Munozviziva.

Zvino, *iye uchazvara mwanakomana,* uye vacha*mutumidza zita rinonzi JESU: nokuti uchaponesa vanhu vake pazvivi zvavo.*

Zvino izvi zvose *zvakaitwa, kuti zviitike zvakarehwa naShe nomuromo womuporofita, achiti,*

. . . mhandara ichava nemimba, ichazvara mwanakomana, vachamutumidza zita rinonzi Emanueri, ndokuti kana zvichidudzirwa, *Mwari anesu.*

280 Ndicho chitsauko chokutanga chaMateo.

281 Mateo 28:19, apo Jesu akati, "Endai, munobhabhatidza muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene." Nderipi Zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene? [Ungano inoti, "Jesu Kristu."—Mupepeti.] Jesu Kristu, zvirokwazvo.

282 Ukaverenga nyaya yerudo, yaiti, "Johane naMaria vakazogara mumufaro kubvapo zvichienda mberi." Ndiyani Johane naMaria? Dzokera kwakatangira nyaya, ugozvitsvaka.

283 Kana pasina chinhu chakadaro, pasina zita, "Baba, Mwanakomana, kana Mweya Mutsvene," zvino Ndiyani, iZita raAni? Dzokera, kwakatangira nyaya, ugoona Uyo waAnga ari kutaura nezvake.

284 Petro, neZuva rePentecosti, akati, "Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muzita ra 'Jesu Kristu' kuti muregererwe zvivi." Aiva nechizaruro.

Johane aiva nechizaruro.

285 Jesu *aiva* Chizaruro, AkaZviratidza imo muno mumaGwaro, "Ndini Uya wakange aripo, aripo, uye achazovapo, Samasimba." Whew! Zvakanaka.

286 Zvino, ngatitorei ndima yechinomwe, nokukasika zvino, tisati tabuda, nokukasika kwatingagona.

. . . Samasimba.

. . . hutongi- . . . kubwinya nehutongi nokusingaperi-peri. Ameni.

Uye . . . akatiita madzimambo *navaprisita kuna Mwari . . . Baba vake;* uye *kwaari ngakuve kubwinya* nehutongi *nokusingaperi-peri. Ameni.*

287 Munoona chizaruro icho apo, kuti chinozarurwa sei? Kuti Mwari . . . Vanhu vanokwenya misoro yavo nokudhonza vhudzi ravo, nezvimwe, vachiedza kutsvaka kuti "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene" chii, vachiita vatatu, mune mumwe.

Usadhonza vhudzi rako nokukwenya musoro wako. Chingotarisa kumusoro. Chizaruro chinobva Kumusoro. Uye ndizvozvo. Achazarura, haasi "Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene." Mahofisi matatu umo maigara Mwari mumwe chete.

288 Maiva muhofisi, "Mweya," Ari oga, nokuti munhu ari kuderera. Zvino AkaZvigadzirira mutumbi, ndokugara mauri, kuti agogadzira Ropa rake; kwete nokusangana kwemurume nomudzimai, sezvazvakaita mubindu reEdheni, asi akagadzira mutumbi wakasikwa. Zvino kubudikidza nomutumbi wakaberekwa nemhandara, Akapa Ropa rakatichenesa nokutisunungura kubva pakusatenda kwedu, kuti tigotenda kwaAri. Zvino, tinodaro, tinoMugamuchira mumoyo yedu, ndiMwari matiri; Mwari: Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene. Maona? Sezvakangoita Muporofita, Muprisita, Mambo, ndicho chinhu chimwe chete. Zvakanaka.

289 Zvino, ndima yechinomwe, ichi ndicho chiziviso. Chiziviso chinoti:

Tarirai, anouya namakore; meso ose achamuona,. . . naivo zvakare *vakamubaya: nemarudzi ose enyika achamuchema.*

290 Oh! Tichine nguva yakadini? Zvakanaka izvi ipapo. Mungavawo nemamwe maminitsi makumi mata-. . . makumi maviri? [Ungano inoti, "Hongu."—Mupepeti.] Mungadaro? ["Ameni."] Zvakanaka. Zvino, zvadaro, mangwana. . . Manheru ano, tichaedza kubata izvo zvasara zve*Chiratidzo ChePatmosi*, manheru ano. Nhasi, tichagumira pachiziviso.

291 Oh! Muri kunzwa zvakanaka? [Ungano inoti, "Hongu."—Mupepeti.] Munoda Bhaibheri rakare iri? ["Ameni."] Ndicho Chizaruro. Chii, chinombori chii? Mwari anodzika zasi, mubhuku rino, osvikobvisa chifukidzo, ndokuti, "Heunoi Uyo: Muporofita, Muprisita, Mambo; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; Uyo wakanga aripo, aripo, uye uchazovapo. Zvinhu zvose izvi, NdiMwari."

292 Zvino, ngatibvisei chifukidzo, kwemaminitsi mashoma zvino, Ishe vachitibatsira, kubvisa chifukidzo kubva kumeso edu. Zvino towana. . .

Tarira, anouya namakore;. . .

293 Zvino, Ari kuuya sei? "Nemakore." Gore rakaita sei? Makore okubwinya. Kwete rimwe reaya panovambira mabhanan'ana, hore yemvura, asi makore okubwinya.

294 Muchacherechedza here mhando yegore rakamuputira paya apo Petro nevamwe vakaona chiratidzo chaKe paGomo roKushandurwa, gore rakaMufukidza. Nguwo dzaKe dzikapenya. Akange akaputirwa mugore, simba raMwari.

295 Oh, tichasvika kwazviri, kuno uku mumazera ekereke. Ndiri kukutaurirai, zvinongo—nongotekenyedza munhu wangu womukatikati, kungozvifunga. Zviri kuuya kwaKwe. . . Ndinoona muzuva rino umo matiri kurarama, umo musisina, hamuchina tariro yasara kunze kweKuuya kwaKe.

296 Zvino tichatora izvo nokukasika. Zvino rangarirai.

. . . meso ose achamuona,. . .

297 Zvino, uku kwanga kusiri Kubvutwa, zvino. Kwanga kuri here? [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti.] Maona? Kwanga kusiri Kubvutwa. Kwanga kusiri Kubvutwa. Akanga ari kutaura nezvei? Kuuya kwepiri.

. . . naivo vakamubaya: namarudzi ose enyika achamuchema.

298 Zvino tichadzokera totora nhoroondo. Ngatidzokerei kuna Zekaria, tonotora chitsauko chegumi nepiri chaZekaria. Zekaria. Zvakanaka.

299 "Uye Ishe vakatutsira kukereke zuva nezuva avo vaigona kuponeswa." Tinotenda zvikuru sei nokuda kwechizaruro

chakanaka chaJesu Kristu! Haufadzwe here nokuda kwaKe? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvino, izvi tichazviisa mubhuku nokukasika kwatingagona, topa kuvanhu, zvadaro munozogona kuva naro, kuti uzoriverenga murunyararo rwemukamuri yako nezvimwe, uchizvinzvera, pachako. Zvakanaka.

300 Zekaria, Zekaria, chitsauko 12 zvino chaZekaria. Uye tiri kuda, tozvitora tichinyatsonamata zvino. Uye ndiri kuda kuzvitora kuti Mwari abwinyiswe. Zvino, Zekaria 12, uye tichatangira pandima 9. Nyatsoteereresai zvino. Ari kutaura nezveKuuya. Zekaria 12, kutangira pane yechi 9, mundima 9.

Uye zvichazoitika . . .

Zekaria, ari kuporofita, makore mazana mana ane makumi masere nemanomwe Kristu asati auya.

> *Zvino* zvichaitika kuti *nezuva iroro, ndichatsvaka kuparadza ndudzi dzose . . . dzavanhu dzinomukira Jerusarema.* (Pafunge ipapo.)
>
> *Ndichadira Mweya wenyasha nowokunyengetera, pamusoro peimba yaDhavhidha, napamusoro pavagere Jerusarema: vachanditarira ini wavakabvovora, . . .*

301 Zvino, ndirinhi pachadzokera Vhangeri kumaJudha? Kana zuva revaHedheni rapera, Vhangeri inenge yachigadzirira, kuenda kumaJudha. O, ndaigona, dai ndaigona kungofanokutaurirai kamwe kanhu kari kuda kuzoitika ipo pano, munoona, chaimo muzuva rino. Muri kuona? Zviri kuda kutoitika. Tinozviwana muZera reKereke. Zvino chinhu chikuru ichi chave kuda kuitika, chinopfuurira kusvika muna Zvakazarurwa 11 chonhonga vaporofita vaviri vaya, Eriya naMosesi vachidzokera zvakare kumaJudha. Takazvigadzirira. Zvinhu zvose zvave muhurongwa, zvagadzirira. Mharidzo ino yavaHedheni, sekuunzwa kwayakaitwa nemaJudha kuvaHedheni, Vahedheni vachaidzosera kumaJudha zvakare. Zvino Kubvutwa kunobva kwauya.

302 Zvino rangarirai, izvi zviri kuuya, mushure mematambudziko . . . Kereke haipfuure nemuMatambudziko. Tinozviziva. Bhaibheri rinotaura kudaro. Maona? Zvakanaka.

303 Zvino, Achadururura paimba yaIsraeri, (chii?) Mweya Mutsvene mumwe chete, munoona, mushure mokunge Kereke yeVahedheni yaenda.

> . . . uye vakanditarira *ini wavakabvovora,* zvino *vachamuchema iye, somunhu unochema mwanakomana wake mumwe chete, vachava neshungu kwazvo pamusoro pake, somunhu une shungu pamusoro pemwana wake wedangwe.*

Zvino *nezuva iroro pachava . . . nekuchema kukuru muJerusarema, . . .* uye *kuchema . . . mu—mumupata weMegidhoni.*

Uye—uye *nyika ichachema, veimba imwe vari voga; veimba yaDhavhidha vari voga, ne . . . veimba yaNatani vari voga,* uye neimwe yeidzi dzimba *vari voga;* (pavachaona, zvichaitika, zvichaitika paAchauya mumakore okubwinya, pakuonekwa kwaKe kwechipiri.)

304 Zvino kana maJudha ayo akaMubaya . . . Munoziva, rimwe Gwaro rinoti vachaMubvunza, ko mavanga ayo Akaawana kupi?

Iye akati, "Muimba yeshamwari yaNgu."

305 Zvino ichange isingori nguva yokuchema kwemaJudha ayo akaMuramba, saMhesiya, asi ichava nguva yokuchema yeVahedheni vachasara shure kuno, vakagamuchira . . . vakaMuramba saMhesiya wavo wezuva rino. Vachange vachiungudza nokuchema. Mhandara yakavata ichange ichiungudza. Ndeiyo kereke yakaramba kuva neMafuta muchiedza chayo. Kwaiva nemhandara gumi dzakabuda, vose vanhu vakanaka, asi vashanu vavo vaiva naMafuta mumarambi avo. Vamwe vashanu vaiva vanhu vakanaka, vanhu vakanaka, asi vakatadza kuwana Mafuta mumarambi avo. "Zvino vakarasirwa kunze murima rekunze uko kuchava nokuchema, kuungudza, nokugedageda kwemeno."

306 Hezvinoi izvi, "Vachange vachiungudza." Bhaibheri rakati pano, "Vachange vachiungudza, pamwe nokurwadziwa mumoyo zvikuru, kusvikira pokuti . . . "

307 Pano, ndichakupai rimwe, Genesi 45, kana muchida kusvikapo. Ngatiendei kwariri kwechinguvana uye tigozviverenga zvakare muna Genesi, ma . . . Ndinotenda, pachitsauko 45 chaGenesi. Ndiri kuda kutora izvi pano, Josefa achizvizivisa kuvanhu vake—vake. Zvino tichatora izvi, kuti tigoratidza mi—mifananidzo yezvichazoitika muzuva iroro, zvino tichazvibatanidza pamwe chete.

Zvino Josefa haana kugona kuzvidzora pamberi . . . pavakanga vamire naye; akadana achiti, Budisai munhu wose abve . . . *pano* pa*neni.*

308 Zvino rangarirai, Josefa, ari kuzvizivisa, akadanidzira, "Munhu wose ngaabve pamberi pangu."

Zvino kwakanga kusinomunhu wakamira naye, Josefa achizvizivisa kuvana vababa vake.

Akachema kwazvo: vaEgipita naveimba yaFaro vakamunzwawo. (Aifanira kunge akadanidzira nezwi repamusoro.)

Ipapo Josefa akati kuvana vababa vake, Ndini Josefa; Ko *baba vangu vachiri vapenyu here? Vana vababa vake*

vakasagona kumupindura; nokuti vakanga vachitya pamberi pake.

Josefa akati kuvana vababa vake, doswederai henyu . . . kwandiri, ndapota. *Zvino vakaswedera. Iye akati, Ndini Josefa mwana wababa wenyu, uyo . . .* wamaka—wamaka*tengesa ndikaiswa Egipita.*

Zvino musazvidya moyo, kana kuzvitsamwira, zvamanditengesera *kuno: nokuti Mwari wakandituma pamberi penyu kuti ndichengete upenyu.* (O, zvakaisvonaka sei!)

Nokuti zvino ave makore maviri kune . . . *nzara panyika ino: mamwe . . .* apo muchazova, kuchange kusina chirimwa kana goho.

Mwari wakandituma pamberi penyu kuti ndikuchengetei muve nevamwe vachasara panyika, ndikuraramisei kuti musunungurwe nokusunungurwa kukuru.

309 Regai ndichitotora zvino ndizvienzanise naZekaria, 12, kwechinguvana. Zvino, tinozviziva, mumufananidzo. Ukadzidzisa mufananidzo, zvino unozogara uchizvibuditsa nemazvo, ndinofunga, mu—mumufananidzo.

310 Zvino, Josefa, paakaberekwa, aivengwa nevakoma vake. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvino ndinoda kukuratidzai, kuti Josefa anomiririra Kereke yakazadzwa neMweya. Josefa aivengwa nevakoma vake. Sei? Nokuti akanga ari munhu wemweya. Josefa hapana zvaaigona kuita nokuti aiona zviratidzo. Hapana zvaaigona kuita nokuti airota hope, munoona, pamwe nokugona kududzira hope. Iye, ndizvo zvakanga zviri maari. Hapana zvimwe zvaaigona kuratidza kunze kwezvakanga zviri maari. Saka, zvino, vakoma vake vaimuvenga, pasina chikonzero. Asi baba vake vaimuda, nokuti baba vake vaiva muporofita.

311 Maona zvazvaive naJesu? Mwari aida Mwanakomana waKe. Asi vakoma, vaFarisei nevaSadhusi, vaiMuvenga, nokuti Aigona kupodza varwere, nokufanotaura zvinhu zvaizovapo, pamwe nokuona zviratidzo, kududzira. Muri kuona zvandiri kureva? "VaiMuvenga, pasina chikonzero."

312 Zvino chii chavakaita kuna Josefa? Vakanyepera kuti akanga afa, ndokumukanda mugomba. Ndokutora jasi rakazara neropa, rine mavara manomwe, iro baba vake . . .

313 Panongori nemavara manomwe bedzi mumuraraungu. Zvino muraraungu, tinoziva, kuti tichasvika kwazviri munguva shoma inotevera, ndinofunga kuti, nhasi manheru. Muraraungu uri pamusoro paKe pano, Jesu, apo, "Achange achiratidzika sedombo rejaspisi neresardio, nemuraraungu." Muraraungu isungano.

314 Zvino ndiyo yaiva sungano yaMwari pana Josefa. Zvino vakaisa ropa pajasi rake, ndokudzokera naro kuna baba. Zvino iye ainge achinzi afa. Uye . . .

315 Asi akazosimudzwa achibuda kubva mugomba ndokuiswa mu—mu . . . ndokutengeswa kuna Faro, mumwe munhu muEgipita, zvino mu—mukuru wemauto akamuchengeta. Zvino pavakadaro, iye, chimwe chakaipa chakamuwira, ndokumukandira mujere. Zvino imomo ndokuporofita, ndokuudza varume vaviri kuti mumwe aizoendepi uye nekwaizoenda mumwe; mubiki wehwaini ne—nemubiki wechingwa, pane zvavakanga varota.

316 Zvino akazosimudzirwa kubva ipapo, kuenda kuruoko rwerudyi rwaFarao. Uye hapana munhu aigona kuuya kuna Faro, kunze bedzi nekuna Josefa. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

317 Ndeizvi. Zvino, mu . . . apo Josefa zvino akange atengeswa kuvaEgipita. Zvino, tarisai, zvose zvaainge aita zvaifananidzira Kristu. Onai mubiki wewaini uyu pamwe neuyu mubiki wechingwa imomo, vari vaviri vakava nezviroto. Zvino Jesu, paAkanga ari muimba yaKe yohusungwa. Rangarirai, Josefa akanga ari mujere. Zvino Jesu paakanga ari mujere raKe, (chirudzii?) akarovererwa pamuchinjikwa, pakava nemumwe akaponeswa nemumwe akaraswa. Josefa, paakanga ari mujere, mumwe chete akaponeswa, mumwe akaraswa.

318 Uye cherechedzai, zvino mushure mokunge Jesu abviswa pamuchinjikwa, Akasimudzirwa Kudenga, uye agere kuruoko rwerudyi rweMweya mukuru, Jehovha. "Hakuna munhu anogona kuuya kuna Mwari asi nekwaNdiri." Hakuna *makaziwa Maria*, hakuna akaropafadzwa *uyu* kana akaropafadzwa *uyo*. Asi, nemuna Jesu Kristu, "Mumirririri oga ariko pakati paMwari nevanhu," mutumbi unokosha uyo waiva hugaro hwaMwari, pakati pedu, wakatora Zita raMwari. Zvino Mwari akatora zita remunhu. Mwari akatora . . .

319 Tarirai pano. Pakutanga, apo Adhama . . . Ndiri kutotadza kubva pazviri. Zviri kuita sokunge mumwe munhu ari kutadza kuZvibata, pane imwe nzvimbo. Tarirai. Pakutanga . . . Regai ndikuratidzei chimwe chinhu zvakare. Mweya Mutsvene uri kundiyambira kuita izvi. Ndave kusiya chidzidzo changu kwekanguvana. Apo pakasvika nhau dzokutanga muKubwinya, kuti mwanakomana akanga arasika, Adhama, Mwari akatuma Ngirozi here? Akatuma mwanakomana here? Pane mumwe here waAkatuma? Akauya, pachaKe, kuzodzikinura mwanakomana waKe akanga arasika. Hareruya! Mwari haana kuzvikumikidza kune mumwe munhu kunze kwaKe oga. Mwari akaitwa nyama akagara pakati pedu, akadzikinura munhu, pachaKe. Ndezvokuti . . . "Takaponeswa," Bhaibheri rakati, "neRopa raMwari." Mwari, anofa aka . . . Mwari asingafi akaitwa anofa, kuitira kuti agobvisa chivi, kuti ave Gwayana, pachaKe; kuti

apinde muKubwinya, akafukidzwa, uye aine Ropa raKe pamberi paKe, seri kwechidzitiro.

320 Zvino, Josefa, hoyo anodzika kuEgipita. Zvino ikoko akakwiridzirwa kubva mujere rake, kenda kuruoko rwerudyi rwaFarao, akabva aitwa mutariri. Zvino zvinhu zvose zvakabudirira mumazuva aJosefa.

321 Zvino, Jesu paanodzoka, kunyange gwenga richatumbuka seruva rerhozi. Iye ndiye Mwanakomana webudiriro, mufananidzo waJosefa.

322 Vakaisa Josefa mu. . .Mukuru wemauto akava naye mumba make; zvose zvaaiita, aibudirira. Vakamuisa mujere, jere rose ndokubudirira. Zvose zvavaiita, aibudirira. Zvino paakakwidziridzwa, kumusorosoro, kwaFarao, muteveri waFarao, zvinhu zvose muEgipita zvakabudirira kudarika zvimwe zvose pasi rose.

323 PaAchadzoka, ichava nyika yebudiriro. Magwenga ekare achatumbuka, uye pachava nechokudya kwese-kwese. Uye tinokwanisa, munhu wose, kugara pasi pemuonde wako, ugoseka nokupembera, uye ugogara nokusingaperi muHupo hwaKe, paAchadzoka saMambo.

324 Aiva Mwanakomana wemunhu, Muporofita. Ameni. Aiva Mwanakomana wemunhu, Chibairo, Muprisita. Iye Mwanakomana wemunhu, saMambo, Mwanakomana waDhavhidha agere pachigaro chohushe hwaKe. Mwanakomana wemunhu, Ndiye kura-. . .Mwari akaratidzwa seMwanakomana wemunhu. Akadzika pasi akava munhu, kuti abvise zvivi panyika. Akava munhu, seMuporofita. Akava munhu, seMuprisita. Akava munhu, saMambo; Mambo weKudenga, Mambo wavatsvene, Mambo waZienda-nakuenda; akagara nguva dzose ari Mambo, achagara nguva dzose ari Mambo, Mambo waZienda-nakuenda.

325 Zvino cherechedzai, pano, Josefa. Josefa asati aenda, vaitofanira kuridza hwamanda, kutanga. Zvino vanhu vaidanidzira, "Gwadamirai Josefa." Zvisinei kuti munhu ainge ari kuitei, ainge ari kutengesa chimwe chinhu mumugwagwa, kana hwamanda iyi yarira, aigwadama nebvi rake. Mumwe munhu ainge ave kutoda kutambanudza ruoko rwake kuti atore mari yake, asi aigwadama nebvi rake, Josefa akanga ari kuuya. O! Mu-. . .mu—mu—mutevedzeri ainge ave kutoda kuita basa rake, zvino chii chaakaita? Iye akatozomira. "Josefa ari kuuya." Hwamanda yarira.

326 Rimwe ramazuva ano, zvinhu zvose, kunyange nguva, zvichamira. "Apo hwamanda yaMwari icharira, nevakafa muna Kristu vachamuka, zvino mangwanani ouya muna Zienda nakuenda, anopenya akarurama." Zvinhu zvose zvichagwadamisa ibvi. "Ibvi rose richagwadama, uye ndimi dzose dzichaZvipupura."

Tanga iye zvino. "Zvivi zvevamwe vanhu zvinofanoenda mberi, zvimwe zvinotevera."

327 Asi zvino cherechedzai zvakaitika. Zvinobwinya sei! Zvino Josefa apo . . . Mushure mokuroora muHedheni ndokuwana mhuri, Efraimi naManase, vanakomana vake. Makacherechedza here kumagumo? Apo Josefa . . . Jakobho akatanga kuropafadza Efraimi naManase. Paakatanga kuisa maoko ake, akaisa Efraimi kurudyi, Manase kuruboshwe, kuti maropafadzo eruoko rwerudyi aende kune wokutanga. Asi paakatanga kunamata, maoko ake akapesana, zvino ndokupa muduku maropafadzo eruoko rwerudyi panzvimbo yeuyo akanga ari kuruoko rwerudyi.

328 Zvino Josefa akati, "Handizvo, Baba." Ndokuti, "Maisa maropafadzo pana Manase panzvimbo yepanaEfraimi."

Zvino iye akati, "Mwari apesanisa maoko angu."

329 Chinyi? Kubva kumaJudha, mukuru, akatanga kusarudzwa naMwari, nemuMuchinjikwa maropafadzo akauya achidzoka kuvaHedheni, kuti atore Mwenga. Maropafadzo akauya nemuMuchinjikwa, kubva kumuJudha kuenda kumuHedheni. Vakaramba, vakaramba muchinjikwa, nokudaro Akawana Mwenga wechiHedheni.

330 Zvino apo Josefa, izvi zvisati zvaitika, paakange . . . akanzwa nezvavakoma vake, avo . . . Vakanga vasiri kuyanana kwemakore akawanda, muJudha.

331 Zvino tarisai. Tave kudzokera kuna Zekaria zvino, paya pavanoungudza, nekuchema nekuungudza. Kunyange mhuri dzichazvipatsanura kubva pane dzimwe mhuri, vobuda, voti, "Ko takazviita sei? Ko takambozviitireiko izvi?" Paya pavanoti, "Ko mavanga aya Makaawanepi, mavanga ari mumaoko eNyu?" kunyange naivo vakaMubaya. "Achauya nemumakore. Uye vachaMuona, kunyange avo vakamubaya. Zvino imba yoga-yoga ichachema, uye vachaungudza." Vachashaya zvokuita.

332 Zvino apo Josefa . . . Munoziva nyaya yacho. Paakaona vakoma vake, ndokuita sokunge akanga asingagoni kutaura chiHebheru, ndokutora muturikiri kuti amuturikirire. Zvino akaita sokunge, akanga asingagoni kutaura chiHebheru; asi ane zvaaida kuona. Zvino pakupedzisira, rimwe zuva, apo pavakaunza munun'una wake, makacherechedza here? Aiva Benjamini akatungidza moyo waJosefa?

333 Chingava chiri chii, nhasi, chichatungidza moyo waKe, Josefa wedu, Jesu? Iyo kereke duku yanga iri munyika iri zasi muIran uko, iyo yanga ichichengeta mirairo yaMwari. Vanhu vatsva vachangoberekwa vakaungana muPalestine, vakadzoreredzwa zvakare. Nyeredzi iya ine makona matanhatu yaDhavhidha, mureza mukuru pamakore kudarika mamwe ose pasi rose, nyika yakabarwa makore mashoma apfuura. Heyo iyo Israeri.

Ndudzi dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,
Zviratidzo izvo Bhaibheri rakafanotaura;
Mazuva avaHedheni ave mashoma, azere nezvinotyisa;
Dzokai, O vakaparadzirwa, kwenyu.

Zuva reRudzikinuro roswedera,
Moyo yevanhu yokundika nokutya; (Ingozvitarirai, vose vangove mipengo.)
Zadzwai neMweya, marambi enyu akagadzirwa uye akajeka,
Tarirai kudenga, rudzikinuro rwenyu rwaswedera.

Vaporofita venhema vari kunyepa, chokwadi chaMwari voramba,
Kuti Jesu Kristu ndiMwari wedu; (Girori! Asi Chizaruro chauya.)
Saka tichafamba pakafambwa nevaapostori, (Chaipo panzvimbo yavo.)

Nokuti zuva rorudzikinuro roswedera,
Moyo yevanhu yokundika nokutya;
Zadzwai neMweya waMwari, marambi enyu akagadzirwa uye akajeka,
Tarirai kudenga, rudzikinuro rwenyu rwaswedera.

334 O! O, Josefa, paakaona Benjamini muduku amirepo! Ndiye munun'una wake muduku. Munoona Benjamini muduku zvino kumusoro uko, ari ikoko, agere ikoko? Marudzi e—enyika, emaJudha, akadzokera ikoko kuchazova nezana nemakumi mana nemana ezviuru zvevachange vamirepo, kuti vagamuchire Kristu pavanoMuona achiUya. Vachati, "Tarira, uyu ndiye Mwari wedu Uyo watanga takamirira." Zvino vachaona makabaiwa . . . "Ko aya akabvepi?"

Akati, "Muimba yeshamwari yaNgu."

335 Zvino vachaungudza nokuchema. Uye mhuri yoga-yoga, marudzi avo aDhavhidha naNaftari nevamwe vose, vachazvitsaura, mhuri imwe neimwe, vachizvichemera pavachaMuona amire mumhepo, Uyo wavakabaya.

336 Ko shoko raKe richava rokuti kudini? Tarira zvakataurwa naJosefa. Paakati . . .

337 Tarirai chimwe chinhu. Josefa paakaunza vana pamberi pake, akavatarisa, ndokuona Benjamini muduku. Akaona Efraimi, ndokuona vamwe vose ipapo, vanaGadhi nevamwe vose. Zvino marudzi anegumi nemaviri, marudzi anegumi ipapo, akamira pamberi pake. Akavaona vose vakamirapo. Akaziva kuti vaiva vakoma vake. Zvino akatarisa Benjamini muduku, akamuti ndee, pahuro pake ndokutanga kuzara. Akavaziva kuti vaive vake. Akati kudini? "Itai kuti munhu

wose abve kwandiri." Chii chakaitika kumudzimai wake nevana? Vakapinda mumuzinda.

338 Ko Kereke yevaHedheni ichaendepi paKubvutwa? MuMuzinda. Mwenga, Hareruya, Mwenga uchabviswa panyika, muKubvutwa. Zvino kana Odzoka, Mwenga waKe unenge usisipo paanozvizivisa kuhama dzaKe, maJudha, avo vakaMubaya, avo vakaMuramba. Asi mudzimai wake nemudikanwa wake, neshamawari dzake dzepedyo ipapo, shamwari dzake—dzake dzaakatumirwa naMwari waaiva naye mutemberi.

339 Zvino paakatarisa, akati vakanga vari. . . Hapana chavaiziva. Vakati, "O, muchinda mukuru uyu!" Vakatanga kuti, mumwe kune mumwe, o, pamusoro pezvinhu izvo zvavakaita.

340 Ndinotenda aive Efraimi, kwete Efraimi, asi ndakanganwa kuti ndeupi wacho zvino, a—akati, "Zvakanaka, hataifanira kunge takauraya munun'una wedu, Josefa." Ndokuti, "Munoona, tave kuzvibhadharira." Rubheni, Rubheni akati, "Hataifanira kunge takauraya munun'una wedu," ndokuti, "nokuti, munoona, tave kubhadharira zvatakaita."

341 Zvino Josefa aive akamirapo; havana kufunga kuti angagona kunzwa chiHebheru. Asi aichiziva.

342 Vamwe vanofunga, haakwanise kutaura. . . kunzwisisa kutaura nendimi, asi Anoziva zvose nezvazvo. Yeah, Anoziva. Humambo hwevaHedheni hwakavamba nokutaura nendimi pamwe nokududzira, mumusoro wendarama (musoro wokutanga) usati wawa. Chii chakagumisa ichi chizvarwa chokutanga chevaHedheni? Chinyorwa chendimi dzisingazivikanwe pamadziro, uye nemurume ikoko akakwanisa kudzididudzira uye nokutaura kuti zvaimbovei. Hunoguma nenzira imwe cheteyo. Ameni. Hwakapinda hukapera nenzira imweyo.

343 Vaifunga kuti akanga asiri kunzwisisa ndimi dzavakanga vari kutaura, asi aizviziva. Vakati, "Muri kuona zvatazowana?"

Zvino ipapo Josefa akaona kuti vari kunzwa urombo pane zvavakanga vaita.

344 Zvino Anoona kusuwa kwavo nokuzvidemba nokuda kwekuMuramba, saka Ari kudzipwa pahuro paKe zvino. Agadzirira kubuditsa Kereke yake kubva panyika, oenda naYe muKubwinya. Ozodzoka, zvino ndudzi dzose dzepanyika dzichachema.

345 Chii chavakaita? Rubheni, vose zvavo, vakatanga kuchema, vakati, "O! O!" Vakatya ndokuti, "Ndiyeye. Zvino tave kuziva kuti tapinda padambudziko. Zvino achatiuraya. Zvino iye. . . Tinoziva kuti tave kutoparadzwa izvozvi, nokuti uyo ndiJosefa anga ari kure nesu kwenguva yakareba. NdiJosefa, munun'una wedu, iye zvino tave munyatwa chaiyo."

346 Akati, "Musazvigumbukire. Mwari akazviitira kuchengetedza upenyu."

347 Mwari akaitei? Sei maJudha akaramba Jesu? Kuitira kuti isu vaHedheni, kuitira, avo, vanhu vaAkadanira Zita raKe, Mwari akazviitira kuchengetedza upenyu hweKereke yechiHedheni, Mwenga.

348 Marudzi ose akaMuramba achachema. Vachazvivanza mumapako, nemumatombo, nezvimwewo zvinhu, voti, "Tivanzei, wirai pamusoro pedu, imi makomo." VakaIramba, vakaMuramba. Vanhu vose vepanyika vachaungudza nokuda kwake. Uye mhuri yoga-yoga muIsraeri ikoko ichazvipatsanura. Mhuri dzichazvipatsanura, imwe kubva kune imwe, uye vachiti, "Ko takambozviitirei? Ko takazosvika sei pakumuramba? Chirudzii? Hoyo uYo amire. Hoyo Mwari uYo watanga takamirira. Zvino hoyo uYo, aine mavanga ezvipikiri mumaoko aKe, uye ndisu takazviita."

349 Ndizvo chaizvo zvakataurwa nevakoma vake zasi ikoko, pavakadzoka ndokuti, "Hoyo Josefa, watakatengesa."

Iye akati, "Ndini Josefa, munun'una wenyu, wamakatengesa kuEgipita."

350 "O!" Vakatya zvikuru. Zvino vakanga vari kuchema nokuungudza, vachimanya mumwe kune mumwe, "Zvino tingadini?"

351 Akati, "Musazvigumbukire, nokuti ndiMwari akaita zvose izvi. Mwari akandituma mberi."

352 Mwari akasika vanhu vose; vachena, vatema, vebhurauni, veyero, munhu wose. Mwari akasika munhu wose. Akasika muHedheni, akasika muJudha. Akasika vose. Zvose kuti Apiwe mbiri. Zvino maJudha aitofanira, kuZviramba, kuitira kuzotora Mwenga wechiHedheni.

353 Ndicho chikonzero mifananidzo yese yakadai. Kuitira kuti Mwenga wechiHedheni nevana vaKe pamwe naYe, Kereke iya inobwinya yepentecosti yakashambwa muropa reGwayana, vaine simba rose rerumuko richigara mavari, ichasimuka rimwe zuva muKubvutwa (kamwe kamwe, mukubwaira kweziso) kuenda kunova muHupo hwaJesu, apo iYe anodzoka (osvikobuditsa zvose) kuti azvizivise kuvakoma vaKe.

354 Tarisai zviri kutaurwa nemaGwaro pano, mukuvhara. O!

Tarira, anouya namakore; meso ose achamuona, (Zvino ari kutaura nezvekuuya kwechipiri, kwete Kubvutwa), *naivo vakamubaya:* . . .

355 Chitsauko 7, ndima 1 . . . Kana kuti, ndima yechi 7 yechitsauko 1.

. . . meso ose achamuona, naivowo avo vakamubaya: marudzi ose enyika achamuchema. Hon'o, Ameni.

356 Zvino ndipo paAnopa chitaurwa, chikuru. Ndiyani Uyo? Ndiyani Uyo wavari kuzotsvaka?

Ndini Arfa neOmega, Ndini A naZ, (wechiGiriki A naZ, arifabheti yechiGiriki)...

357 Mabasa 2:36, mu...Petro akati, "Hakuna rimwe zita rakapiwa pasi peDenga rokuti vanhu vangaponiswa naro." Kana, kwete, ndiregerereiwo; ndataura zvisiri izvo. Akati, "Regai imba yose yaIsraeri izive zvemazvirokwazvo, kuti Mwari akaita Jesu mumweyo, wamakaroverera, zvose Ishe naKristu."

358 Johane 14:7 na12, Tomasi akati, "Ishe, tiratidzei Baba, zvigotiringana."

359 Akati, "Ndava nemi kwenguva yakareba zvakadai, nazvino haundizive?" Ndokuti, "Uyo aona iNi aona Baba. Sei iwe uri kuti, 'Ndiratidzei Baba'? Ini naBaba vaNgu tiri chinhu Chimwe."

360 Ndakambozvitaura pane imwe nguva kune mumwe munhu. Mudzimai uyu akati, "Mirai zvishoma, vaBranham." Ndokuti, "Imi nemudzimai wenyu muri chinhu chimwe chetewo, zvakare."

Ndikati, "Asi kwete zvemhando iyoyo."

Iye ndokuti, "Mati kudini."

Ndikati, "Uri kundiona here?"

Iye ndokuti, "Hongu."

Ini ndokuti, "Uri kuona mudzimai wangu here?"

Iye ndokuti, "Kwete."

361 Ndakati, "Saka, ndeZve imwe mhando yakasiyana. Akati, 'Kana Mandiona, munenge matoona Baba.'" Saka izvozvo zvakabva zvangoringana.

362 Saka muna Mutsvene Johane, kana Johane Wokutanga 5:7 kusvika 8, imi mose muri kunyora pasi. Johane Wokutanga 5:7 kusvika 8, Bhaibheri rakataura. Mutauri, iye munhu wacho mumwe chete akanyora Chizaruro ichi chaakapiwa naJesu. Akati, "Pane zvitatu zvinopupura Kudenga: Baba, Shoko (Shoko ndiye Mwanakomana)...Baba, Shoko, neMweya Mutsvene, zvino vatatu ava chinhu chimwe. Pane zvitatu zvinopupura panyika: mvura, Ropa, neMweya, zvinowirirana; hazvisi chinhu chimwe, asi zvinowirirana muhumwe."

363 Haugoni kuva naBaba usina Mwanakomana. Haugoni kuva naBaba kana neMwanakomana usina Mweya Mutsvene. Ndizvozvo. Asi uno...Zvino mvura, Ropa, neMweya, ndizvo zvinhu zvinodikanwa kuti upinde muMutumbi waKe.

364 Kuberekwa kwepanyama kana kuchiitika, chii chinhu chinotanga kuitika kana mudzimai ari kusununguka mwana? Chinhu chokutanga, imvura. Chinhu chechipiri, iropa. Ndizvo? Chinhu chinotevera, mweya. Mwana anogamuchira mweya,

otanga kufema. Mvura, ropa, nemweya, ndizvo zvinogadzira kuberekwa kwepanyama.

365 Uyezve, kuBerekwa pamweya. Rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu Kristu; kururamiswa nokutenda, uchitenda muna Ishe Jesu Kristu. Mvura! Chii chinotevera? Ropa; kucheneswa, kugezwa, nokumubudisa.

366 Ndipo pamakakundikira imi vanhu vechiNazarene; makangogumira ipapo asi hamuna kuzopfuurira. Mudziyo wakacheneswa uri paaritari, wakagadzirira kushandiswa, asi hausi kushandiswa. "Vakaropafadzwa avo," zviropafadzo, "vane nzara nenyota yekururama, nokuti vachazadzwa." Mudziyo wacheneswa. Ndizvozvo.

367 Zvakafanana nemhandara. Izwi rokuti *mhandara* rinoreva kuti "akachena, mutsvene, asina kusvibiswa nemurume, akacheneswa." Vashanu vaiva nemafuta, uye vashanu vakanga vasina; vashanu vaiva vakazadzwa, asi mumwe wacho akarambira mukucheneswa. "Makagamuchira here Mweya Mutsvene *kubvira* makatenda," imi maBaptisti, maPresbyteriani?

"Hatizivi kuti kune Mweya Mutsvene."

"Zvino, makabhabhatidzwa nerubhabhatidzo rwupi?" Uh-huh.

368 Mushure mokuturika maoko ake pamusoro pavo, ivo ndipapo, mushure mokunge vaponeswa vacheneswa, vakazozadzwa neMweya Mutsvene. Ndizvo.

369 Mvura, Ropa, Mweya! Jesu akauya kuzoshamba nekuchenesa, uye nokuchenesa Kereke, kuitira kuti Agouya kuzogaramo. NeRopa raKe pachaKe; Akapa Ropa raKe rakaberekwa naMwari, kuti agotishamba kubva pakuberekwa kwedu kwekusangana kwemurume nemudzimai, zvino ozotipa mudziyo wakacheneswa, mutsvene kuitira kuti iYe Omene agouya.

370 "Kwenguva shoma, nyika haizoNdionizve; asi imi muchaNdiona nokuti Ini," chisazita chedungamunhu, "ndichave nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo." Ameni. "Rwendo rwose, Ndichave newe uye mauri. Mabasa aNdinoita muchaaitawo. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda." Mwari ari muKereke! O, ini zvangu! Humwari! "Pane zvitatu zvinopupura Kudenga: Baba, Shoko (Mwanakomana), Mweya Mutsvene. Ivo chinhu chimwe chete."

371 Zvino, unogona kuponeswa usina kucheneswa. Unogona kucheneswa apo usina Mweya Mutsvene; mweya wakanaka, wakacheneswa, usina kuzadzwa. Uchichenesa moyo wako, uchishamba moyo wako, usina kuuzadza nechimwe chinhu. Ndizvo zvaAkataura, "Kana mweya wetsvina wabuda mumunhu, unofamba munzvimbo dzakaomarara. Unodzoka,

wosvikowana imba yawo yakashongedzwa, wobva wapinda. Magumo emunhu iyeye achange akashata zvakapetwa kakawanda, zvakapetwa kanomwe, kudarika zvaaive pakutanga."

372 Ndizvo zvakaitika kwamuri imi vePilgrim Holiness, maNazarene, nevamwewo. Makagamuchira. Zvino Mweya Mutsvene pawakauya, ndokutanga kutaura nendimi, nokupa zviratidzo nemashura, makazvidana kuti "dhiyabhorosi" muchimhura mabasa aMwari, muchiati "chinhu chine tsvina." Zvino munoona here kwakaenda kereke yenyu? Budai kubva maari! Nguva yasvika, Chizaruro chaJesu Kristu chiri kudzidziswa, Mwari achizarurwa musimba rokuratidzwa kwaKe neMweya Mutsvene. Ameni. Zuva rerudzikinuro raswedera.

373 Zvino, Humwari maari, Timotio Wekutanga 3:16.

> *. . .hakuna ungaramba kuti chakavanzika* chohumwari *chikuru kwazvo:* nokuti Mwari *wakaratidzwa panyama, . . .wakaonekwa evatumwa, . . .wakatendwa panyika, wakakwidzwa mukubwinya.*

374 O, zvinoramba zvichienda zvichienda zvichingoenda. Asi tave papi zvino? Pamagumo endima yesere.

375 Manheru ano tinotangira pandima ye—yechipfumbamwe, *Chiratidzo ChePatmosi.* O, mune zvinhu zvikuru imomo zvakatimirira. MunoMuda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

376 Unonyatsozviita here? Ko Mwari aZvizivisa here kwauri, azarurwa kuti Iye ndiye Mwanakomana waMwari, Jesu Kristu, Mwari achiratidzwa munyama, kuti abvise zvivi? Ari kuZvizarura mumazuva ano okupedzesira mumakereke aKe, achiZvizivisa.

377 Zvino, zvinhu izvozvi zviri kuitika muKereke, tarirai mugoona, pamagumo eMharidzo ino, kuti Bhaibheri hariti here zvinhu izvi zvichaitika, saizvozvo. Onai kuti hazvina here nemo chaimo, muZera reEfeso, nemuPergamo, Tiatira, zvichidzika, muzera roga-roga.

378 Rakataura zvaizoitwa naRuther, nezvaizoitwa naWhisiri. Uye kuti sangano iri rePentecosti richapinda muchinhano cheRaodhikia, chekudziya, asi, pakati paizvozvo, Achadhonza vanhu. Ndizvozvo. Ndizvo chaizvo. Tave kumagumo. O, ndinofara zvikuru! Uye, o, semaonero andakazviita ndichikwachuka, uye ndichitarisa shamwari dzangu nezvimwe,

ndichiona nyika ne—nenyonganyonga yairi mairi, uye ndinobva ndafunga kuti Kudzoka kwaShe koswedera pedyo. Tave kumagumo ezera.

379 Moyo yevanhu yave kukundika nokutya. Kwese-kwese, munhu wose, pane yambiro kubva pamaredhiyo, nguva dzose, "Garai makagadzirira kurwiswa kubva muchadenga. Torai *izvi*, torai *izvo*, mugodzika mukamuri yepasi pemba." Muchavanda sei kubva kwazviri? Hamukwanise kuvanda kubva kwazviri. Saka, chinhu ichi chinodzika pasi mafiti zana nemakumi mashanu, kwemamaera zana nemakumi mashanu, munharaunda yakapoteredza. Zvokuti, kugwinha kwachinoita kunogona . . . Kana chichinge charova pano, chinozunzira Indianapolis pasi. Zvokuti, chinobva changoputitsa Indianapolis kuita zvidimbu-zvidimbu, charova kuno muLouisville, munoona, chimwe chazvo. Zvakaoma kutaura zvimwe zvavainazvo pamusoro peizvi.

380 Uye, tarirai, haufanire kudaro. Munoziva, Russia haisungirwe kuita zvakadaro. Cuba inogona kuzviita. Kanzvimbo kapi zvako kaduku, ka—kanzvimbo kaduku kakaenzana neAlcatraz iri uko, kanogona kuzviita, kupedza pasi rose. Chinhu choga chaunofanira kuita kungonyatsochinangisa wobva wadhonza tambo imwe chete. Haudi mauto. Unongoda mupengo mumwe chete kuti azviite, anenge ari mumaoko adhiyabhorosi. Ndizvozvo chaizvo. Anogona kuzviita, zvino nyaya yose inobva yapera. Zvinenge zvatopera.

381 Asi, o, regai ndikupei chinhu ichi chakaropafadzwa. Kana tave kuona izvi zvave pedyosa, apo patinoona kuti zvinogona kuitika mangwanani asati asvika. Rangarirai, Kereke inoenda kumusha zvisati zvaitika. Kubvutwa kunoitika zvisati zvaitika.

382 Zvino, kuitira kuti musavhiringike, rangarirai, Jesu akati, "Sezvazvaiva mumazuva aNowa, sezvazvaiva mumazuva aRoti." Rangarirai, pasati pambova kana nemvura yati yambonaya, Nowa akanga ava muareka. Maona? Nowa akanga ava muareka. Akatakurwa, nemune izvi. Uye zvino, Nowa aive mufananidzo wemuJudha. Asi Inoki akaenda kumusha asina kufa. Zvino Nowa paakaona Inoki achienda, akaziva kuti nguva yaive yakwana, kuvamba paareka. Ndizvozvo. Ndicho chaive chiratidzo chaNowa, paya Inoki paakaenda kumusha. Zvino panongobviswa Kereke yevaHedheni, ipapo anobva aZvizivisa kuIsraeri. Maona? Ndizvozvo.

383 Rangarirai, mumazuva aRoti, sezvakataurwa naJesu, pasati pambova nedonhwe rimwe remoto ranga rati rawira pasi, Mutumwa uya akati, "Kurumidza. Kasika. Buda muno, nokuti hapana zvandinogona kuita kusvikira wabuda." Pasati pambova nemoto wanga wati warova, Roti nemhuri yake vakange vatobuda vaenda. Saka, Kubvutwa kuchauya Matambudziko asati atanga.

384 Matambudziko, vanhu vazhinji vanoavhiringidza. Tichazvitwasanudza, svondo rino, Ishe vachitendera, Ishe vachitibatsira. Rangarirai, muri kutarisira Nguva huru yeMatambudziko, iyo yaiva, kana mukazvifananidza muno muBhaibheri, ndeayo mazuva oKutambudzika kwaJakobho, muri kuona, paakanga ari kunetseka. Izvozvo zvakanga zvisinei nechekuita nevaHedheni. MuHedheni haanei nechokuita nazvo. Hapana mufananidzo muBhaibheri wezvakadaro. Kereke yevaHedheni inoBvutwa.

385 Zvino muri kutarisira "mvura kuti igoshanduka kuva ropa," nezvimwe zvakadaro. Izvozvo zvinouya kuIsraeri zvakare, kareko naMosesi naEriya, pavanodzoka. Eriya, kechina, anodzoka mumweya. Hapana mumwe wavo akange akafa.

386 Kana kuti, uyo . . . Mosesi akafa; havana kuziva pavakamuviga. Aitofanira kumutswa pakati penguva iyoyo nenguva iyi, nokuti, paGomo Rokushandurwa, aivepo, achitaura naJesu. Haana here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Maona?

387 Saka vachadzoka vozouraiwa, vonge vakarara mumugwagwa wepamweya unonzi "Sodhoma," uko Ishe vedu akarovererwa, Jerusarema. Vachaparidza kumaJudha, vogorova nyika, nokuvhara matenga, nezvimwe zvakadaro. Zvino magumo eshumiro yevaHedheni anoenderera obatana neizvi, zvino vaHedheni vanoenda kumba, zvino shumiro iyi inoenderera mberi. Pachava nokuparadzwa kwezvinhu zvose. Zvikamu zviviri kubva muzvitatu zvenyika zvakawa, nezvimwe zvose. Apo zvitunha zvaive zvirere mumigwagwa, mazuva matatu, tarirai kuti zvaiva zvemhando yakadini.

388 Tarirai mifananidzo iyi yandakawana kubva zasi kuSouth America, pavakauraya mumishinari wePentecosti ikoko, mudzimai wake, arere mumugwagwa, naiye pamwe nevana vaduku vaviri. Kasikana kaduku, dumbu rako rakazvimba *sezvizvi*. Havana kana kumbovaviga. Vaifamba ipapo, vovasvipira saizvozvi, kwemazuva matatu kana mana. Hama Kopp vakatora mufananidzo wacho. Ndinayo kumba, munoona, maitiro avanoita.

389 Zvino vanotumirana zvipo, mumwe kune mumwe. Tarirai pazvinofananidzirwa muBhaibheri, munoona kuti ikereke ipi ichazviita. Ndizvozvo, zvave pedyo, uye zviri kuswedera sezvinoita nyoka iye zvino, zviine hunyengeri hwazvinokwanisa, chiratidzo chezvinhu zvaiye zvino.

390 Tarirai chiporofita icho Ishe vakandipa muna '33, kuti zvaizoitika sei, "Vaizotendera madzimai kuvhota. Mukuvhota, vaizosarudza munhu asiri iye." Pane zvinhu zvinomwe zvakapuwa, uye zvishanu zvazvo zvakatoitika. Chinhu chaitevera aiva mudzimai mukuru, kereke, rimwe simba kana chimwewo chinhu, zvaizotora simba pamusoro peUnited States

ino, rekutonga. Zvino ndakazoiona yave semadota, irere, payakasvika kumagumo. Yaive nguva yokuguma.

391 Chakati, "Vaizova nomuchina waigona kufamba. Wakanga usingazodi mutyairi mauri." Vachangopedza kuunatsurudza zvakakwana. Chakati, makore gumi nerimwe . . .

392 Mweya Mutsvene wakataura kwandiri. Hezvo zviri papepa. Haukwanise . . . Hazvirambike. Hezvo zviri papepa, sokutaura kwakaita Mweya Mutsvene.

393 Makore gumi nerimwe Maginot Line isati yavakwa, ndakati, "MaJerimani . . . America ichango . . . President Roosevelt ndiye achava ndururani yakadarika vose." Uye ndizvozvo. Ndizvo zvaaiva.

394 Handisiri kukurwadzisai imi maDemocrats, asi ndi—ndiri kukutaurirai. Haasi muDemocrat kana muRepublican zvino. NdiJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, watiri kutaura nezvake. Ini handisi muDemocrat kana muRepublican. Ndiri Mukristu. Saka zvino, ivo, chingadai chaive chii, asi macherechedza ipapo.

395 Zvino tarirai pano, rimwe zuva, kana muchida kuona kuti iboka renhubu zvakadini. Vachitora michina iya vachiigadzira, kuti, nguva dzose pamunovhotera VaNixon, mainge muri kutovhotera mumwe muchinda uya, panguva imweyo. Ed-. . . J. Edgar Hoover akabvisa michina iyi. Vangani vanga vari kuzviverenga? Handiti, chokwadi, zvizere mumapepa, munhau, nezvimwe zvose. Muri kuona patave?

396 Hakuchisina chinhu chakatendeka kunze kwaKristu. Ameni. O, Bhuku riya rakare rakaropafadzwa! NdiRoro. Ndiro Roga rinokutaurira kuti uri ani, kwaunobva, nekwauri kuenda (Hongu, changamire.), ndeiri Bhuku rakare rakaropafadzwa, o, zvinondiita kuti ndiMude. Harikudaroiwo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

> Kutenda munaBaba, kutenda muMwanakomana,
> Kutenda Mumweya Mutsvene, ava vatatu chinhu chimwe;
> Madhimoni anodedera, uye vatadzi vanopepuka;
> Kutenda munaJehovha kunoita kuti zvinhu zvose zvizunguzike.

397 Amen. Izuva guru riri pamberi pedu, vashamwari! "Chizaruro chaJesu Kristu icho Mwari akapa kumutumwa waKe, ndokuuya akazviratidza kuna Johane, kuitira kuti zvigozivikanwa nemuMazera eKereke, zvinhu zvatakachengeterwa."

398 Dai Ishe vatiropafadza zvino, patiri kumira netsoka dzedu. Kune uyo ari kuridza piyano, tiridzireiwo kana muchikwanisa, *Tora Zita raJesu Pamwe Newe*.

399 Zvino teererai. Pasina, kupokana, pane vaenzi pano pakati pedu muno mutabhenakeri mangwanani ano. Ndinoda kuti muvakwazise maoko. Vakokei, vaende nemi kumba, nezvimwewo. Uye itai munhu wose anzwe kugamuchirwa. Ndinoda munhu wose kuti ave nechokwadi chokuzviita.

400 Zino rangarirai shumiro inotanga na seven o'clock, nhasi manheru. Zvino na seven-thirty, ndichange ndichitaura nezve*Chiratidzo PaPatmosi*. Mangwana manheru, Ishe vachitendera, ndichange ndichitaura nezvezera rekereke rokutanga, Efeso, yeZera reKereke.

401 Zvino tave kuimba *Tora Zita raJesu Pamwe Newe*, kambo kedu ketabhenakeri kokuparadzana. Zvino regai munhu wose aimbe zvino. Zvakanaka.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwa nenhamo;
Richakupa mufaro nekudekara,
Ritore kwose kwaunoenda.

Zita rakakosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nomufaro weDenga;
Zita rakakosha, Zita rakakosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nomufaro weDenga.

402 Zvino tisati taimba ndima inotevera, ndinoda maMethodisti, maBaptisti, maPentecosti, maKatorike, maNazarini, maPilgrim Holiness, kune vose tambanudza ruoko, ukwazisane nemunhu ari pamberi pako, ari parutivi rwako, ari shure kwako, uchiti, "Shamwari, mufambi wechiKristu, ndinofara kuva newe pano mangwanani ano. Ndinofara kuyanana newe, pazvinhu zvaMwari. Ndinoziva kuti tava nenguva yakanaka. Ndinotarisira kukuona pano zvakare nhasi manheru." Zvakangoita saizvozvo, paunenge uri kukwazisana nevanhu, mberi kwako, shure kwako, nevakakupoteredza.

PaZita raJesu togwadama,

Tokuonai nhasi manheru, Hama Neville. Tokuonai nhasi manheru.

. . . tsoka,
Mambo wamadzimambo, Kudenga,
tichamugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

O Zita rakakosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nomufaro weDenga;
Zita rinokosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nomufaro weDenga.

Kuzosvika taonana! kuzosvika taonana!
Kuzosvika taonana patsoka dzaJesu;
(kuzosvika taonana,)
Kuzosvika taonana! kuzosvika taonana!
Mwari ave nemi kuzosvika taonanazve!

Zvino tichikotamisa musoro wedu:

Kuzosvika taonana! kuzosvika taonana!

Chizaruro ChaJesu Kristu SHO60-1204M
(The Revelation Of Jesus Christ)

Mharidzo ino naWilliam Marrion Branham yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neSvondo mangwanani, 4 Zvita, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakatorwa kubva patepi yakarekodhwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muChishona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org